**O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI’ AWI’L HA’M SUW XOJALIG’I’ MINISTRLIGI**

**TAShKENT MA’MLEKETLIK AGRAR UNIVERSITETI**

**NO’KIS FILIALI’**

**«EKONOMIKA HA’M AWI’L XOJALI’G’I’N BASQARI’W» KAFEDRASI’**

**5420100- «FERMER XOJALI’G’I’N BASQARI’W**

**HA’M JU’RITIW» BAKALAVRIAT BAG’DARI’**

**4-KURS STUDENTI**

**To’reev Ten’el Karimbaevichtin’**

# PITKERIW QA’NIGELIK JUMI’SI’

**Tema: «Agrosanaat ka’rxanalari’na lizing sistemasin jetilistiriw ha’m na’tiyjeliligin joqari’lqti’w jollari’»**

**Basshi:**
«Ekonomika ha’m awı’l
xojalı’g’ı’n basqarı’w»

kafedrası’ dotsenti, e.i.k. Tleubergenov Raxat Sharibaevich

**«Jumı’s ko’rip shı’g’ı’ldı’ ha’m qorg’awg’a jiberildi»**

Ekonomika ha’m awı’l xojalı’g’ı’n basqarı’w» kafedrası’ baslıg’ı’,

e.i.k. A.S.Shamshetov

2015 jı’l «___» ____________

Zootexniya fakul’teti dekanı’,

v.i.k. R.Jumashev

2015 jı’l «___»__________

**No’kis - 2015 jı’l**

## MAZMUNI’

**KIRISIW** ________________________________________________3

**I-BAP. YELIMIZ AWI’L XOJALI’G’I’N RAWAJLANDI’RI’WDA LIZING QATNASI’QLARI’NI’N’ TEORIYALI’Q TIYKARLARI’ HA’M WOLARDI’ JETILISTIRIWDIN’ A’HMIYETI**

1.1. Xojaliqtin’ sho’lkemlestiriwshilik-ekonomikaliq xizmetine minezleme______________________________________________________7

1.2 Ekonomikani’ rawajlandi’ri’wda lizingtin’ a’hmiyeti, ha’m woni’n’ sho’lkemlestiriwshilik ha’m huqi’qi’y tiykarlari’_______________________15

1.3 Elimiz ekonomikasi’nda lizing komaniyalari’ni’n’ roli ha’m woni’ rawajlandi’ri’w jollari’______________________________________________33

**II-BAP. EKONOMIKANI’ DIYVERSIFIKATSIYALAWDA AGROSANAAT KA’RXANALARI’N NA’TIYJELI BASQARI’WDI’ LIZING XI’ZMETLERI TIYKARI’NDA ZAMANAGO’Y TEXNIKA MENEN JETILISTIRIW PERSPEKTIVALARI’**

2.1. Ma’mleketimiz fermer xojali’qlari’n modernizatsiyalawda a’melge asi’ri’li’p ati’rg’an is-ilajlar analizi_____________________________________ 39

2.2 Elimizdin’ fermer xojali’qlari’ni’n’ materiali’q-texnikali’q bazasi’n bekkemlewde "Uzqishloqxu’jalikmashlizing" kompaniyasi’ni’n’ lizing xi’zmetlerinin’ a’hmiyetli bag’darlari’_____________________________________49

2.3 Diversifikatsiyalaw protsessleri sharayati’nda fermer xojali’qlari’nda lizing xi’zmetleri ha’m servisinen na’tiyjeli paydalani’wdi’n’ basli’ perspektivalari’______________________________________________________ 58

**JUWMAQLAW** ______________________________________________65

**PAYDALANI’LG’AN A’DEBIYATLAR DIZIMI** ______________________68

## KIRISIW

**Temani’n’ aktualli’g’i’.** Keyingi ji’llarda ma’mleketimiz ekonomikasi’ni’n’ real tarmaqlari’nda islep shi’g’ari’wdi’ modernizatsiyalaw, texnikali’q ha’m texnologiyali’q jan’alaw ilajlari’na ayri’qsha itibar qarati’lmaqta. Atap aytqanda islep shi’g’i’li’p ati’rg’an basli’ da’stu’rlerdin’ biri, agrar islep shi’g’ari’wdi’ modernizatsiyalaw, texnika ha’m texnologiyali’q qayta qurallandi’ri’w, materialli’q texnikali’q bazasi’n jaqsi’law ha’m wolardi’ jan’a basqi’shqa ko’teriw ma’seleleri bu’gingi ku’nnin’ a’hmiyetli wazi’ypalari’nan birine aylanbaqta. Sebebi agrar sektor elimiz ekonomikasi’nda tiykarg’i’ rol’ woynaydi’. Prezidentimiz İ. A. Karimov bul haqqi’nda wo’z bayanati’nda «….2014 diyqan ha’m fermerlerimizdin’ ma’rtlik miyneti, zamanago’y agrotexnologiyalardi’ engiziwdin’ esabi’nan 3 milion 400 mi’n’ tonndan zi’yat paxta, elimiz awi’l xojali’g’i’ tariyxi’nda birinshi ma’rte 8 million 50 mi’n’ tonnali’k ba’lent g’a’lle ki’rmani’ jarati’ldi’.

…..Zamanago’y agrotexnologiyalardi’ engiziw ha’m fermerlerdi joqari’ wo’nim menen isleytug’i’n awi’l xojali’g’i’ texnikasi’ menen ta’miyinlewdin’ esabi’nan awi’l xojali’g’i’ wo’ndirisine intensiv usi’llarda wo’tiw bul salani’ turaqli’ ha’m na’tiyjeli rawajlandi’ri’wda en’ a’hmiyetli bag’dar boli’p esaplanadi’.

Usi’ maqsette awi’l xojali’g’i’ mashina kuri’li’si’ sistemasi’ pu’tkilley qayta sho’lkemlestirildi, «O’zagrosanaatmashxolding» kompaniyasi’ du’zildi, sala ka’rxanalari’ woptimallasti’ri’li’p, wolar awi’l xojali’g’i’nda talap etilip ati’rg’an ani’q tu’rdegi texnika ha’m mexanizatsiya qurallari’n islep shi’g’ari’wg’a qa’nigelestiriledi.

Tashkent traktor zavodi’ni’n’ woptimallasti’ri’lg’an wo’ndiris maydanlari’nda jan’a ka’rxana –«Tashkent awi’l xojali’g’i’ texnikasi’ zavodi’» juwapkershiligi sheklengen ja’miyeti sho’lkemlestirildi. Bul jerde traktorlar,

tirkeme xa’m paxta teriw mashinalari’ni’n’ jan’a model’leri islep shi’g’ari’lmaqta[1]» dep atap ko’rsetedi.

Bu’gingi ku’nde fermer xojali’g’i’ awi’l xojali’g’i’ islep shi’g’ari’wi’ni’n’ jetekshi buwi’ni’na, woni’ sho’lkemlestiriwdin’ tiykarg’i’ formasi’na aylandi’. Ha’zirgi waqi’tta fermerlik ha’reketi wo’z qurami’nda 66 mi’n’nan zi’yat fermer xojali’g’i’n birlestirmekte. Tilekke qarsi’ barli’q fermer xojali’qlari’ agrotexnikalar menen toli’q ta’miyinlengen dep ayta almaymi’z. Sonli’qtanda Prezidentimiz joqari’da wo’zinin’ bayanati’nda elimizde awi’l xojali’g’i’ mashina quri’li’si’ sistemasi’n qayta quri’w boyi’nsha bir qansha wo’zgerisler boli’p ati’rg’anli’g’i’n ayti’p wo’tken edi.

Bunnan ti’sqari’ ma’mleketimiz ta’repinen awi’l xojali’g’i’n rawajlandi’ri’w sharayati’nda regionlarda xi’zmet ko’rsetiw ha’m servisti, fermer xojali’qlari’ kishi biznes ha’m jeke isbilermenlik salalari’n rawajlandi’ri’w siyasati’ a’melge asi’ri’li’p ati’rg’an bu’gingi ku’nde respublikami’zda lizing xi’zmetleri sektori’ni’n’ sistema si’pati’nda qa’liplesiwi ha’m rawajlandi’ri’w mashqalalari’n ani’qlaw ha’mde wolardi’ saplasti’ri’w, usi’ bag’darda servis xi’zmetlerin ken’eyttiriw, aymaqlarda fermer xojali’qlari’nda lizing xi’zmetleri ha’m servisin rawajlandi’ri’wdi’n’ sho’lkemlesken-ekonomikali’q faktorlari’, soni’n’ ishinde, fermer xojali’g’i’ sistemasi’n basqari’w, woni’n’ normativ-huqi’qi’y tiykari’n, infradu’zilmesin, du’ziw u’lken a’hmiyetke iye. Son’g’i’ ji’llarda awi’l xojali’g’i’nda investitsiya wortali’g’i’n jaqsi’law, xi’zmet ko’rsetiw ha’m servis salalari’n, tikkeley lizing xi’zmetleri ha’m servisi bazari’n qollap-quwatlaw boyi’nsha respublikami’z hu’kimetinin’ ali’p bari’p ati’rg’an izbe izlik ekonomikali’q siyasati’ lizing xi’zmetleri ha’m servisi bazari’n ken’eyttirip barmaqta. 2005 ji’lda O’zbekistanda lizingke berilgen mal-mu’lk ko’lemi 41,4 mln. AQSh dollari’n qurag’an bolsa, 2013 ji’lg’a kelip bul ko’rsetkish 2005 ji’lg’a sali’sti’rg’anda 15 esega asi’p, 274,2

---

[1] Karimov İ.A. 2015-ji’lda ekonomikami’zda tu’pkilikli strukturali’q wo’zgerislerdi a’melge asi’ri’w, modernizatsiya ha’m diversifikatsiyalaw protsesslerin izbe-iz dawam ettiriwdin’ esabi’nan jeke mulk ha’m jeke isbilermenlikke ken’ jol ashi’p beriw-en’ a’hmiyetli wazi’ypami’z.”//”Erkin qaraqalpaqstan” gazetasi, №14, 2015 yil 20 yanvar’

mln. AQSh dollari'na jetti[2]. Awi'l xojali'g'i' tarawi'n ja'nede jedel rawajlandi'ri'wg'a imkaniyat beretug'i'n woni'n' materialli'q texnikali'q bazasi'n jetilistiriwde lizing xi'zmetlerin rawajlandi'ri'w respublikami'z ekonomikasi' aldi'nda turg'an a'hmiyetli mashqalalardan esaplanadi' ha'm wol tan'lap ali'ng'an pitkeriw qa'nigelik jumi'si' temasi'ni'n' aktualli'g'i'n belgileydi.

**Pitkeriw qa'nigelik jumi'si'ni'n' maqseti.** Ekonomikani' modernizatsiyalaw sharayati'nda agrosanaat ka'rxanalari'nda lizing sistemasi'n jetilistiriw ha'm na'tiyjeligin joqarlati'w jollari'n rawajlandi'ri'w boyi'nsha a'meliy usi'ni'slar islep shi'g'i'wdan ibarat.

**Pitkeriw qa'nigelik jumi'si'ni'n' wazi'ypalari' to'mendegilerden ibarat:**

- Ekonomikani' modernizatsiyalaw sharayati'nda ma'mleketimizde awi'l xojali'g'i'nda a'melge asi'ri'li'p ati'rg'an reformalardi' analizlew;
- Respublikami'zda fermer xojalıqlarının' sho'lkemlestiriwshilik-ekonomikalıq ha'm huqıqıy tiykarların u'yreniw;
- Ekonomikani' rawajlani'wi'n jedellestiriwde lizing sistemasi'ni'n' rolin ekonomikali'q tiykarlaw;
- Agrosanaat ka'rxanalari'ni'n' na'tiyjeligin artti'ri'wda materialli'q-texnikali'q bazasi'ni'n' worni' ha'm wolardi' ja'nede bekkemlew jollari'n ani'qlaw;
- Agrosanaat ka'rxanalari'ni'n' wo'ndirisin modernizatsiyalaw bag'dari'nda a'melge asi'ri'li'p ati'rg'an is-ilajlar analizlew;
- "Uzqishloqxu'jalikmashlizing" kompaniyası Qaraqalpaqstan respublikası filialının' ma'mleketimizde fermer xojali'qlari'n zamango'y texnika menen ta'miyinlewde alıp barıp atırg'an lizing xızmetlerinin' o'zgesheliklerin analizlew;
- Qaraqalpaqstan Respublikasi' ekonomikasi'n modernizatsiyalawda fermer xojali'qlari'nda lizing xi'zmetleri ha'm servisinen na'tiyjeli

---

[2] Assotsiatsiya Lizingodateley Uzbekistana (ALU). wobzor sektora lizingovi'x uslug v Uzbekistane po itogam 2008 goda. Tashkent, 2009. – 4 s.; ALU. wobzor sektora lizingovi'x uslug v Uzbekistane po itogam 2009 goda. Tashkent, 2010. – 5 s.

paydalani’wdi’n’ basli’ bag’darlari’ ha’m keleshegi boyi’nsha a’meliy usi’ni’slar islep shi’g’i’w.

**Pitkeriw qa’nigelik jumi’si’ni’n’ wob’ekti.** Jumi’sti’n’ wob’ekti boli’p, Qaraqalpaqsan Respublikasi’ lizing xi’zmetinen paydalani’wshi’ fermer xojali’qlari’ ha’m O'zqishloqxo'jalikmashlizing ALX kompaniyasi’ esaplanadi’.

**Pitkeriw qa’nigelik jumi’si’ predmeti.** İzertlew predmeti lizing xi’zmetlerinen paydalani’wshi’ agrosanat ka’rxanalari’ ha’m wolardi’n’ texnikalari’ni’n’ jan’alani’wi’na ta’sir etiwshi lizing qatnasi’qlari’ menen baylani’sli’ ekonomikali’q qatnasi’qlar esaplanadi’.

**Pitkeriw qa’nigelik jumi’si’ du’zilisi.** Qa’nigelik jumi’si’ kirisiw, 2 bap, juwmaqlaw ha’m paydalani’lg’an a’debiyatlar diziminen ibarat.

# I-BAP. YELIMIZ AWI'L XOJALI'G'I'N RAWAJLANDI'RI'WDA LIZING QATNASI'QLARI'NI'N' TEORIYALI'Q TIYKARLARI' HA'M WOLARDI' JETILISTIRIWDIN' A'HMIYETI

I.

## 1.1. Xojalıqtın' sho'lkemlestiriwlik-ekonomikalıq xızmetine minezleme

O'zbekistan Respublikasi' Miristrler Kabinetinin' 2002-ji'l 1-avgusttag'i' № 276 sanli' 2003-2007 ji'llar da'wirinde «Qaraqalpaqstan Respublikasi' awi'l xojali'g'i'nda islep shi'g'ari'wdi' turaqli' rawajlandi'ri'wdi' ta'miynlewge bag'i'shlani'p qosi'msha ilajlar haqqi'nda»g'i' Kegeyli rayoni xa'kiminin' 2003 jil 16-fevral' ku'ngi № 47/1-02 sanli qarari menen «M.Jumanazarov» ati'ndag'i' shirket xojali'g'i' aymag'inan puxara E.Sultanovti'n' arzasi boyinsha diyxanshiliqqa qa'nigelestirilgen «Qarabas awi'l» fermer xojalig'ina uzaq mu'ddetke ijarag'a jer maydani ajratildi. Rayon ha'kimiyati fondi jerinen du'zilgen «Qarabas awi'l» fermer xojalig'ina №234,99-104,223-231,235-242 konturlarindag'i uliwma maydani 335,4 gektar, sonnan ball boniteti 53,5 balg'a iye 122,2 gektar su'rim jerler, 145,8 gektar jaylawlar, 21,0 gektar boz jerler, 3,8 gektar ko'ller, 31,6 gektar jap-salmalar, 3,1 gektar jollar ha'm sheller ha'm 7,9 gektar awil xojalig'inda paydalanilmay atirg'an basqa jerlerdi ijarag'a ajiratip beriw haqqindag'i juwmag'i tastiyiqlandi ha'm ajiratilg'an jer uchastka fermer xojalig'ina 30 jil mu'ddetke ijarag'a ajratilip berildi.

«Qarabas awi'l» fermer xojalig'i o'zine uzaq mu'ddetli ijarag'a berilgen jer uchastkalarinan paydalanilg'an jag'dada, tovarli o'ndiris ju'rgiziwshi ha'm o'zinin' ag'zalarinin' birliktegi hareketine tiykarlangan xojaliq ju'rgiziwshi subekt bolip esaplanadi.

Fermer xojalig'i ma'mleket ma'jbu'riyatlari ju'zesinen, ma'mleket bolsa fermer xojaliqlari ju'zesinen juwap bermeydi. Fermer xojalig'io'z ma'jbu'riyatlari boyinsha, sonnan du'zilgen kontraktatsiya sha'rtnamalarina muwapiq na'zerde tutilg'an ko'lemlerde ma'mleket za'ru'riyati ushin awil xojalig'i o'nimlerin

jetkizip beriwin ta’miynlew, sonday-aq jetkizilip berilgen materialliq-texnika resurslari ha’m ko’rsetilgen xizmetler ushin o’z waqtinda haqi to’lew ju’zesinen ma’jbu’riyatlari boyinsha nizam hu’jjetlerine muwapiq o’ndiriw qaratiliwi mu’mkin bolg’an mal-mu’lki menen juwap beredi. Fermer xojalig’inin’ mal-mu’lki daqilsiz ha’m onin’ ma’mleket organlari ta’repinen alip qoyiliwina nizam hu’jjetlerinde na’zerde tutilg’an jag’daylardan tisqari jol qoyilmaydi.

**«Qarabas awi’l» xojalig’inin’ maqseti, waziypalari ha’m xizmeti.**

Tovar, awil xojalig’i o’nimlerin jetistiriw joli menen da’ramad (payda) aliw, o’zinin’ sotsialliq ha’m ekonomikaliq talabin qanaatlandiriw fermer xojalig’inin’ maqseti bolip esaplanadi.

Fermer xojalig’inin’ waziypasi xizmet tarawi to’mendegilerden ibarat:

- ajiratilg’an jer ha’m suw resurslarinan aqilliq ha’m maqsetli paydalaniwdi ta’miynlew;
- topiraq o’nimdarlig’in saqlaw ha’m joqarilatiw ha’mde jerlerdi qorg’aw;
- g’a’rezsiz ra’wishte awil xojalig’i o’nimlerin jetistiriw, olardi qayta islew ha’m satiw, sonday-aq xizmetler ko’rsetiw;
- awil xojaliq o’nimlerin jetistiriw;
- awil xojaliq o’nimlerin qayta islew, saqlaw, sonin’ menen birge bazarlarda, sonin’ ishinde o’zinin’ sawda shaxabshalari arqali satiw;
- kommertsiyaliq xizmeti ha’m marketing izertlewlerin sho’lkemlestiriw;
- yuridikaliq ha’m fizikaliq shaxslarg’a puli xizmetler ko’rsetiw;
- sirtqi ekonomikaliq xizmetin a’melge asiriw;
- xizmettin’ nizam hu’jjetlerinde ko’rsetilmegen basqa tu’rlerin a’melge asiriw.

**«Qarabas awi’l» fermer xojalig’i to’mendegi huqiqlarg’a iye:**

Fermer xojalig’i yuridik shaxs sipatinda erkin xojaliq ju’ritiwshi sub’ekttin’ barliq huqiqlarina iye boladi. Fermer xojalig’i isbilermenlik formasinin’ biri bolip, sho’lkmlestiriwden go’zlengen maqsetlerge erisiw ushin isbilermenlik xizmetin

a'melge asiriwg'a haqili. Fermer xojalig'i xojaliq ju'ritiwdin' basqa formalarindag'i ka'rxanalar menen ten' huqiqlarg'a iye bolip:

- nizamda na'zerde tutilg'an ijara sha'rtnamasinda belgilengen qa'nigelesiwge muwapiq fermer xojalig'inin' o'ndiris xizmetin o'zine berilgen jer uchastkasinda Erkin jumis islew;

- jetistirilgen o'nimdi satiw ju'zesinen yuridik ha'm fizikaliq shaxslar menen, sonin' ishinde ma'mleket talabi ushin satiw ju'zesinen nizam hu'jjetlerine muwapiq xojaliq sha'rtnamalarin du'ziw;

- satilatug'in o'nimlerge aldinnan haqi to'lenetug'in fyuchers kelisimlerin du'ziw;

- o'zi jetistirgen o'nimge iyelik qiliw, solardan o'zi qa'legen tutiniwshilarg'a satiw;

- jetistirilip atirg'an o'nimge ha'm xizmetlerge sha'rtnama sha'rtlerinde g'a'rezsiz ra'wishte baha belgilew;

- awilg'a xizmet ko'rsetiwshi sho'lkemler menen elektr energiyasi, janilg'i-maylaw materiallari, mineral to'ginler, o'simliklerdi ximiyaliq qorg'aw qurallari jetkizip beriw, xizmetler ko'rsetiw ju'zesinen tuwridan-tuwri sha'rtnamalar du'ziw;

- isbilermenlikten nizam hu'jjetlerinde belgilengen ta'rtipte saliq salinitug'in sheklenbegen mug'darda daramat (payda) aliw;

- aling'an da'ramadtan o'z qa'lewine ko're paydalaniw, bank esap betindegi o'z qarjilarin g'a'rezsiz ra'wishte paydalaniw;

- aktsiyalarin ha'm basqa qimbat bahali qag'azlardi satip aliw;

- kreditler aliw basqa yuridik ha'm fizikaliq shaxslardin' mal-mu'lki ha'mde qarjilarin ixtiyarli tiykarda ha'm sha'rtnama sha'rtlerine muwapiq paydalaniw ha'mde olardi o'ndiris ha'm qayta o'ndiriske bag'darlaw;

- kishi ha'm jeke ka'rxanalar ushin berilgen jen'illetilgen kreditlerdin' barliq tu'rlerinen paydalaniw.

**«Qarabas awi'l» fermer xojalig'i to'mendegi ma'jbu'riyatlarg'a iye:**

- jer uchastkalardan ijara sha’rtnamasinda belgilengen maqset ha’m sha’rtlerdi maqsetli, na’tiyjeli ha’m aqilliq penen paydalaniwdi ta’miynlew;

- ekologiya talaplarina ha’m qorshag’an ortaliqti qorg’aw ushin basqa qag’iydalarg’a a’mel etiw;

- jerdin’ meliorativ jag’dayin jaqsilaw ha’m jer uchastkalarinin’ o’nimdarlig’in joqarilatiw is-ilajlarin a’melge asiriw, biznes- rejede usi maqsetler ushin qarjilar ajiratiwin na’zerde tutiw;

- paxta ha’m g’a’lleni sortlar boyinsha jaylastiriwdin’ belgilengen talaplarina a’mel qiliw;

- suwdan limit tiykarinda paydalaniw haqqindag’i sha’rtnamag’a muwapiq suw resurslarinan paydalaniw;

- xojaliq ishki melioratsiya tarawin tazalaw ha’m jaqsilaw;

- jer uchastkalardan paydalaniw sha’rtlerine a’mel etiw;

- fermer xojalig’inin’ ma’jbu’riyatlari ha’m qarzlari ju’zesinen toliq juwap beriw;

- du’zilgen kontraktatsiya sha’rtnamalarini muwapiq na’zerde tutilg’an ko’lemlerde ma’mleket talaplari ushin awil xojalig’i o’nimlerin jetkizip beriwdi ta’miynlew;

- nizam hu’jjetlerinde belgilengen ta’rtipte saliq ha’m basqa ma’jbu’riy to’lemlerdi o’z waqtinda to’lew.

Pitkeriw qa’nigelik jumısın tayarlaw dawamında xojalıqtın’ 2013 – 2014-jıllardag’ı esap ha’m esabat mag’lıwmatlarınan paydalanılg’an halda, bir neshe analiz kesteler keltirildi. Sonın’ ishinde, to’mendegi 1-kestede «Qarabas awi’l» fermer xojalıg’ının’ buxgalteriya balansının’ aktiv stat’yalarının’ analizi keltirilgen.

Usı 1-keste mag’lıwmatlarınan ko’rinip turıptı, biz analiz qılıp atırg’an «Qarabas awi’l» fermer xojalıg’ında u’yrenilip atırg’an ag’ımdag’ı da’wirde ja’mi aktivler summası -12656,5 mın’ su’mg’a pa’seygen. Aktivlerdin’ kemeyiwin unamsız bahalag’an halda, mag’lıwmatlarg’a itibar qaratatug’ın bolsaq,

aktivlerdin' kemeyiwi tiykarınan ag'ımdag'ı aktivlardin' -12656,5 mın' su'mg'a pa'seygenlıg'ı esabına bolg'an. Usı ja'miyettin' uzaq mu'ddetli aktivleri bolsa joq. Sonı esapqa alg'an halda, ag'ımdag'ı aktivler quramın u'yrenetug'ın bolsaq, ag'ımdag'ı jıl aqırında o'tken jılg'a salıstırg'anda tovar - materiallıq rezervler -14,4 % ke azayg'an, yag'nıy bul -15291,3 mın' su'mdı quraydı. Ja'ma'a'tte debitorlıq qarızları 2013-jılda 2300,3 mın' su'mdı, 2014- jılda bolsa 2344,3 mın' su'mdı qurag'an. Yag'nıy, 44 mın' su'mg'a joqarilag'an yag'nıy 1,9% ke artqan.

**Keste-1**

**Kegeyli rayoni «Qarabas awi'l» fermer xojalig'inin' buxgalteriya balansi ha'm aktiv statyalarinin' analizi**

| Ko'rsetkish-ler ati | 2013 yil | | 2014 yil | | O'zgeris (+;-) | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Summa, min' swm | Payiz, % | Summa, min' swm | Payiz, % | Summa, min' swm | Payiz, % | 2014yil-2013jil salis-g'anda o'sim |
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6=4-2 | 7=5-3 | 8=6/2*100 |
| 1.Uzaq mu'ddetli aktivler | - | - | - | - | - | - | - |
| 2.Ag'imdag'i aktivler | 130352,6 | 100 | 117696,1 | 80,7 | -12656,5 | -19,3 | -9,7 |
| Sonnan: Tovar-materialliq rezervleri | 106004,0 | 81,3 | 90712,7 | 77,0 | -15291,3 | -4,3 | -14,4 |
| Debitorlar | 2300,3 | 1,7 | 2344,3 | 1,9 | 44 | 2,0 | 1,9 |
| Balans aktivinin' ja'mi | 130352,6 | 100 | 117696,1 | 100 | -12656,5 | - | -9,7 |

**Keste-2**

**Kegeyli rayoni «Qarabas awi'l» fermer xojalig'inin' buxgalteriya balansi ha'm passiv statyalarinin' analizi**

| Ko'rsetkish-ler ati | 2013yil | | 2014 yil | | O'zgeris (+;-) | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Summa, min' swm | Payiz, % | Summa, min' swm | Payiz, % | Summa, min' swm | Payiz, % | Summa, min' swm |
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6=4-2 | 7=5-3 | 8=6/2*100 |
| 1.O'z qarjilari derekleri | -57338,2 | -0,4 | -33006,0 | -28,0 | -90344,2 | -27,6 | 157,5 |
| Ag'imdag'i ma'jbu'riyat lar | 187690,8 | 143,9 | 150702,1 | 128,0 | -36988,7 | -15,9 | -19,7 |
| Balans passivinin' ja'mi | 130352,6 | 100 | 117696,1 | 100 | -12656,5 | - | -9,7 |

Joqarıdagı 2-kestede biz analiz qılıp atırg'an «Qarabas awi'l» fermer xojalıg'ında ag'ımdag'ı jıldın' basına salıstırg'anda jıl aqırında ja'mi passivler summası -12656,5 mın' su'mg'a yamasa -9,7 protsentke pa'seygen. Fermer xojalıg'ında mal-mu'lkti qurawshı dereklerdin' bunday ta'rtipte pa'seygenligin unamsi'z jag'day sıpatında bahalaw lazım. Biraq, usı derekler qaysı derekler esabınan pa'seygenligin o'z-aldına a'hmiyet qaratıw maqsetke muwapıq esaplanadı. Yag'nıy, dereklerdn' kemeyiwi, o'z qarjıları esabınanba yamasa qarız derekleri esabınan ekenligin anıqlaw lazım. «Qarabas awi'l» fermer xojalıg'ında mag'lıwmatlarınan ko'rinedi, xojalıqta ag'ımdag'ı jıl aqırında o'z qarjıları derekleri jıl basına qarag'anda -90344,2 mın' su'mg'a yamasa 157,5 % ke kemeygen. Bunday na'tiyjeni xojalıq ushın unamsız bahalamaq lazım. Sebebi, o'z qarjıları dereklerinin' kemeyiwi xojalıqtın' finanslıq g'a'resizliginin' to'menlewine, to'lew qa'bilietinin' jamanlanıwına ha'mde xojalıqtın' sotsiallıq-ekonomikalıq jaqtan pa'seyiwine alıp keledi. Sebebi, minnetlemelerdin' bunday ta'rizde kemeyip barıwı xojalıqtın' finanslıq jag'dayına qatan' ta'sir ko'rsetedi.

**Keste-3**

**Kegeyli rayoni «Qarabas awi'l» fermer xojalig'inin' 2013-2014 jillarda finansliq na'tiyjeleri haqqinda Mag'liwmat (min' swm)**

| Ko'rsetkishler ati | 2013 yil | | 2014yil | | 2014yil-2013 ji'lg'a sali'sti'rg'anda | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | Da'ramat (payda) | Qa'rejet (ziyan) | Da'ramat (payda) | Qa'rejet (ziyan) | Da'ramat (payda) | Qa'rejet (ziyan) |
| O'nim(tovar, jumis ha'm xizmet)lerdi satiwdan taza payda | 37413,1 | - | 43553,4 | - | 6140,3 | - |
| Satilg'an o'nimlerdin' o'zine tu'ser bahasi | - | 24485,2 | - | 26683,7 | - | 2198,5 |
| Tiykarg'i xizmettin' paydasi (ziyani) | 12927,9 | - | 16869,7 | - | 3941,8 | - |

3-kestededen ko'rip turg'anımızday, 2014 jılı o'nimdi satıwdan sap payda 43553,4 mın' su'm bolg'an al bul ko'rsetkish 2013 jılg'a salıstırg'anda 6140,3 mın' su'mg'a ko'beygen. Xojalıqta satılg'an o'nimnin' o'zine tu'ser bahası 2014-jılı 26683,7 mın' su'm bolg'an bolsa bul ko'rsetkish 2013- jılı 24485,2 mın' su'mdı qurag'an yag'nıy 2014 jılı 2198,5 mın' su'mg'a joqari'lag'an. Xojali'qti'n' tiykarg'i' xi'zmetinin' paydasi' 2014-ji'li' 16869,7 mi'n' swm boli'p, bul ko'rsetkish 2013-ji'lg'a sali'sti'rg'anda 3941,8 mi'n' swmg'a yag'ni'y, 130,4 procentke joqari'lag'an.

## 1.2 Ekonomikani' rawajlandi'ri'wda lizingtin' a'hmiyeti, ha'm woni'n' sho'lkemlestiriwshilik ha'm huqi'qi'y tiykarlari'

Respublika ekonomikasi'nda bazar qatnasi'qlari'ni'n' tiykarg'i' sha'rti ko'p ukladli' ekonomikada ba'seke wortali'g'i'n sho'lkemlestiriw jag'daylari'n ju'zege keltiriwden ibarat. Ha'zirgi waqi'tta O'zbekistan Respublikasi'nda lizing sistemasi'n rawajlandi'ri'w u'lken a'hmiyetke iye bolmaqta. Sebebi wol jumi'sti' endi baslap ati'rg'an isbilermenliklerdin' wo'z jumi'si' ushi'n za'ru'rli u'skeneler menen texnologiyalardi' sati'p ali'w mu'mkinshiligin jaratpaqta.

Lizing –bul lizing sha'rtnamasi'n iske asi'ri'wg'a baylani'sli' payda bolatug'i'n ekonomikali'q ha'm huqi'qi'y qatnasi'qlardi'n' ji'ynag'i', wog'an muwapi'q lizing beriwshi lizing ali'wshi' ta'repinen ko'rsetilgen mu'lkti wol belgilegen sati'wshi'dan menshikke sati'p ali'wg'a ha'm bul mu'lkti to'lem menen lizing ali'wshi'g'a waqi'tsha iyelik etiw ha'm paydalani'w ushi'n beriwge minnetlenedi.

Lizingtin' predmeti qa'legen tuti'nbaytug'i'n zatlar, soni'n' ishinde ka'rxanalar ha'm basqa da mu'lk kompleksleri, imaratlar, quri'li'slar, u'skenenler, transport qurallari' ha'm isbilermenlik jumi'si' ushi'n paydalani'wi' mu'mkin bolg'an basqa da ko'shpeli ja'ne ko'shpes mu'lk boli'wi' mu'mkin.

«Lizing haqqi'nda»g'i' O'zbekistan Respublikasi'ni'n' ni'zami'na muwapi'q - lizing bul ijara qatnasi'qlari'ni'n' ayri'qsha tu'ri boli'p, wonda bir ta'rep (lizing beriwshi) ekinshi ta'reptin' (lizing ali'wshi'ni'n') tapsi'ri'wi' boyi'nsha u'shinshi ta'repten (sati'wshi'dan) to'lem menen, lizing sha'rtnamasi'nda belgilengen sha'rtlerde lizing ali'wshi'ni'n' iyeligine ha'm paydalani'wna beriw maqsetlerinde sati'p aladi'.

«Lizing» termini inglis tilinin' «to lease» so'zinen kelip shi'qqan boli'p, wol ijara etiwdi, ijarag'a ali'wdi' an'latadi'. İjara degende belgili bir to'lem menen mu'lkti waqi'tsha iyelik etiwge ha'm paydalani'wg'a beriw tu'siniledi. İjara beriwshi wo'z mu'lkin ijarag'a beredi, ijara to'lemleri arqali' wo'zinin' shi'g'i'nlari'n qaplaydi' ha'm payda aladi'.

Tariyxqa na'zer taslasaq, ijarani'n' ma'nisi Aristotel'din' jasag'an da'wirindn de belgili bolg'an. Atap aytqanda, wol wo'zinin' traktatlari'ni'n' birinde bi'lay dep jazadi': «Bayli'q menshik huqi'qi'nda emes, al paydalani'wda boladi'». Basqasha etip aytqanda, da'ramat ali'w ushi'n wo'zinin' menshiginde qandayda bir mu'lkke iye boli'w sha'rt emes, al da'ramat ali'w ushi'n qandayda bir mu'lkten paydalani'w huqi'qi'na iye boli'wdi'n' wo'zi de jetkilikli boladi'.

İjara kelisimleri ele Aristotel'ge deyin de belgili bolg'an. «Evropa lizingi mektebi» kitabi'nda, ma'selen, ijara kelisimlerinin' A'yyemgi Shumer ma'mleketlerinde du'zilgenligi ha'm woni'n' shama menen bizin' erami'zg'a deyingi 2000 ji'l menen sa'nelengenligi atap ko'rsetiledi. Buni' 1984 –ji'li' Shumerdin' Ur qalasi'nda tabi'lg'an, awi'l xojali'g'i' u'skenelerin, jerdi, suw da'reklerin, wo'gizlerdi ha'm basqalardi' ijara etiw haqqi'nda mag'li'wmatlarg'a iye bolg'an i'laydan islengen kesteler ko'rsetedi.

Menshik huqi’qi’si’z mu’lkke iyelik etiwge baylani’sli’ mu’lklik qatnasi’qlardi’n’ kompleksi Rim tari’yxi’nda da belgili boldi’. Bul qatnasi’qlar sha’rtnamali’q huqi’qta da, sonday-aq zatli’q huqi’qta da ko’rindi. A’yyemgi waqi’tlarda lizing menshiktin’ qandayda bir ani’q tu’rlerinin’ ijarasi’ menen sheklenip qalmadi’. Awi’l –xojali’g’i’ texnikasi’ ha’m wo’nermentshilik qurallari’ g’ana ijarag’a ali’ni’p qalmastan, al ha’tte a’skeriy texnikada ijarag’a ali’ndi’.

A’melge asi’ri’lg’an lizing kelisimi haqqi’ndag’i’ birinshi hu’jjetlik iske asi’w 1066 ji’lg’a tuwra keledi. Sonda Vil’gel’m (basi’p ali’wshi’) Normandiya keme iyelerinen Britaniya atawlari’na basi’p kiriw ushi’n korabl’lerdi ijarag’a alg’an.

AQSh ta birinshi dizimge ali’ng’an jeke mu’lk boyi’nsha ijara sha’rtnamasi’ XVII -a’sirdin’ basi’nda payda boldi’. wol boyi’nsha Gil’diya ag’zalari’ atlardi’, arbalardi’ ha’m furganlardi’ (basti’rmali’ arbalardi’) ijarag’a aldi’. Bunnan bi’lay bul jerde, Ulli’britaniyadag’i’day lizingtin’ ku’sheyiwi temir jol transporti’ni’n’ rawajlani’wi’ menen belgilendi. Avstriya izertlewshisi V. Xoyerdin’ «Evropada biznesti qalay islew kerek» kitabi’nda jazg’ani’nday (1877-ji’lg’a tuwra keledi) AQSh ti’n’ «Bell» telefon kompaniyasi’ wo’zinin’ telefon apparatlari’n satpawg’a, al wolardi’ ijarag’a beriwge, yag’ni’y u’skeneni qari’ydardi’n’ u’yinde yamasa ken’sesinde ijara to’lemi tiykari’nda g’ana wornati’wg’a qarar etti.

XX a’sirdin’ basi’nda, sanaatti’n’ rawajlani’wi’, ha’r qi’yli’ u’skenelerdi islep shi’g’ari’wdi’n’ ko’beyiwine baylani’sli’ lizingke beriletug’i’n tovarlardi’n’ sani’ ko’beydi.

Bunda temir jol trnsporti’ni’n’ ha’m tas ko’mir sanaati’ni’n’ rawajlani’wi’ ayri’qsha rol’ atqardi’. Usi’ waqi’tta transport qurallari’na baylani’sli’ lizing biznesi tez wo’se basladi’.

30- ji’llarda G. Ford wo’zinin’ avtomobil’lerin sati’wdi’ ken’eytiw ushi’n ijaradan na’tiyjeli paydalandi’. Biraq avtomobil’ lizinginin’ «ni’zamli’ atasi’» Chikagoli’ sawda agenti Z.Frenk espalanadi’. wol 40-ji’llardi’n’ basi’nda birinshi boli’p avtomobil’lerdin’ uzaq mu’ddetli ijarasi’n usi’ndi’.

Watandarli’q tariyxta «Lizing» tu’sinigi Ekinshi jer ju’zlik uri’s waqti’nda payda boldi’. 1941-1945 ji’llarda «leand-lease» boyi’nsha Amerika texnikasi’n jetkerip beriw a’melge asi’ri’ldi’.

Biraq ijara qatnasi’qlari’nda haqi’yqi’y revolyutsiya 50- ji’llardi’n’ basi’nda ju’z berdi. wo’ndiris qurallari’- texnologiyali’q u’skeneler, mashinalar ha’m mexanizmler, kemeler, samoletlar ha’m basqalar g’alaba tu’rde ijarag’a berile basladi’.

Solay etip, lizing degende a’dette mashinalar menen u’skenenlerdi uzaq mu’ddetke, yag’ni’y 3- ji’ldan 20-ji’lg’a deyin ha’m wonnanda ko’p mu’ddetke, ijarag’a beriwshi ta’repinen ijarashi’ ushi’n wolardi’ wo’ndiriste paydalani’w maqsetinde, sha’rtnamani’n’ pu’tkil mu’ddeti dawami’nda wolarg’a menshik huqi’qi’n ijarag’a beriwshinin’ saqlap qali’wi’ menen, ijarag’a beriw twsiniledi.

İjara sha’rtnamasi’ du’ziletug’i’n mwddetke qaray ijara kelisimleri u’sh tu’rge bo’linedi:

bir ji’lg’a deyingi mu’ddettegi qi’sqa mu’ddetli ijara – reyting;

1 ji’ldan 3 ji’lg’a deyingi mu’ddettegi worta mu’ddetli ijara-xayring;

3 ji’ldan 20 ji’lg’a deyingi ha’m wonnanda ko’p bolg’an uzaq mu’ddetli ijara - lizing.

İjara degende, meyli wol qi’sqa mu’ddetli bolsi’n, meyli uzaq mu’ddetli bolsi’n, ba’rhama eki ta’repleme qatnasi’qlar tu’siniledi (ijarag’a beriwshi – ijarag’a ali’wshi’). Al jan’a «lizing» terminin qollani’w ijarani’n’ jan’a tu’rin-finansli’q ijarani’ aji’rati’p ko’rsetiw tileginen payda boldi’.

Finansli’q lizing jag’dayi’nda mu’lkti islep shi’g’ari’wshi’ ha’m wonnan paydalani’wshi’ arasi’nda finansli’q da’ldalshi’ payda boladi’, wol kelisimdi qarji’landi’ri’wdi’ wo’zine aladi’. Lizingti arnawli’ finansli’q da’ldalshi’lar ta’repinen tiykarg’i’ fondlarg’a a’melge asi’ri’latug’i’n qarji’landi’ri’wdi’n’ arnawli’ tu’ri si’pati’nda qarap shi’g’i’w mu’mkin. Finansli’q da’ldalshi’lar ijarag’a ali’wshi’ni’ investitsiyalaw ushi’n islep shi’g’ari’wshi’dan mashinalar ha’m u’skeneler sati’p ali’p, buni’n’ menen ijarag’a ali’wshi’ni’ kreditleydi. Biraq lizingtin’ qa’legen ani’qlamasi’ sheklengen boli’p tabi’ladi’ ha’m wol kreditlew usi’li’ni’n’ barli’q ko’rinislerin toli’q esapqa almaydi’.

Jer uchastkalari’nan ha’m basqada ta’biyiy wob’ektlerden ti’sqari’ wo’ndirislik (isbilermenlik) jumi’si’ ushi’n paydalanatug’i’n qa’legen mu’lkler lizingtin’ predmeti boli’wi’ mu’mkin.

«Lizing haqqi’nda»g’i’ O’zbekistan Respublikasi’ ni’zami’ni’n’ 3–stat’yasi’nda lizingtin’ wob’ektleri qa’legen tuti’nbaytug’i’n zatlar, soni’n’ ishinde ka’rxanalar, mu’lk kompleksleri, imaratlar, quri’li’slar, u’skeneler, transport qurallari’ ha’m basqada isbilermenlik jumi’si’ ushi’n paydalani’latug’i’n ko’shpeli ha’m ko’shpes mu’lk boli’wi’ mu’mkin ekenligi ayqi’nlasti’ri’ladi’.

Jer uchastkalari’ ha’m basqa ta’biyat wob’ektleri, sonday-aq wol ushi’n ni’zamshi’li’q penen erkin aylani’s qadag’an etilgen yamasa aylani’sti’n’ ayri’qsha ta’rtibi wornati’lg’an mu’lkler lizingtin’ wob’ektleri bola almaydi’.

Lizingnin’ sub’ektleri - lizing beriwshi, lizing ali’wshi’ ha’m sati’wshi’ boli’p tabi’ladi’.

Lizing beriwshi dep lizing sha’rtnamasi’ boyi’nsha, woni’ bunnan bi’lay lizing ali’wshi’g’a beriw maqsetinde lizing wob’ektin menshikke sati’p ali’wshi’ ta’rep ta’n ali’nadi’.

Lizing ali’wshi’ dep lizing sha’rtnamasi’ boyi’nsha lizing wob’ektin wo’zinin’ iyeligine ha’m paydalani’wi’na ali’wshi’ ta’rep ta’n ali’nadi’.

Sati’wshi’ dep wonnan lizing beriwshi lizing wob’ektin sati’p alatug’i’n ta’rep ta’n ali’nadi’.

Lizingtin’ eki formasi’ boladi’:

- İshki lizing, bunda lizing beriwshi, lizing ali’wshi’ ha’m sati’wshi’ (jetkerip beriwshi) bir eldin’ rezidentleri boladi’.
- Xali’q arali’q lizing, bunda lizing beriwshi yamasa lizing ali’wshi’ bir eldin’ rezidentleri bolmaydi’.

Lizingtin’ tiykarg’i’ tu’rleri: finansli’q, qaytari’latug’i’n ha’m woperativlik lizing boli’p bo’linedi.

Na’tiyjede da’slepki menshik iyesi lizing kompaniyasi’nan u’skenenin’ toli’q bahasi’n aladi’, wog’an iyelik etiw huqi’qi’n wo’zinde saqlap qaladi’ ha’m u’skenelerden paydalang’ani’ ushi’n waqti’-waqti’ to’lem to’lep turadi’. Bunday kelisim ka’rxanag’a wolardi’ paydalani’wdi’ toqtatpastan, wo’ndiris qurallari’n sati’w esabi’nan aqsha qarji’lari’n ali’w ha’m wolardi’ jan’a iri qoyi’lmalar, aji’rati’wlar ushi’n paydalani’w mu’mkinshiligin beredi. Jan’a investitsiyalardan da’ramatlar ijara to’lemlerinin’ summalari’nan qanshelli ko’p bolsa, bul woperatsiyani’n’ rentabelligi sonshelli joqari’ boladi’.

Bunday kelisimnin’ da’slepki menshik iyesi ushi’n, al son’i’nan u’skeneni lizinge ali’wshi’ ushi’n arti’qmashi’li’qlari’ to’mendegilerden ibarat boladi’:

▪ol lizing kompaniyasi’ni’n’ xi’zmetlerinen, u’skeneni sati’p alg’annan keyin, usi’ u’skeneni sati’p ali’w ushi’n aylani’stan aytarli’qtay qarji’lardi’ aji’rati’w woni’n’ finans jag’dayi’ni’n’ to’menlewine ali’p kelgeni yamasa ali’p keliw mu’mkin ekenligi ayqi’n bolg’an jag’daylarda paydalani’wi’ mu’mkin;

▪ol lizing kompaniyasi’nan u’skenenin’ toli’q quni’n aladi’, u’skeneni sati’p ali’u’g’a jumsalg’an qarji’lardi’ qaytaradi’, bunda usi’ u’skenege iyelik etiw ha’m wonnan paydalani’w huqi’qi’n wo’zinde saqlap qaladi’;

▪ol wo’zine za’ru’r bolg’an u’skenege iye boli’p ha’m wonnan paydalana woti’ri’p lizing kompaniyasi’ menen so’ylesiwler ju’rgiziwi mu’mkin boladi’ (bul so’ylesiwler geyde uzaq waqi’tqa sozi’li’wi’ mu’mkin). Bunan ti’sqari’:

▪ijara to’lemleri ka’rxanani’n’ sali’q sali’natug’i’n paydasi’ni’n’ summasi’nan shi’g’ari’p taslanadi’ ha’m ag’i’mdag’i’ woperativlik qa’rejetler si’pati’nda esapqa ali’nadi’;

▪ijarashi’dan bankten kredit alg’andag’i’g’a qarag’anda kelisimnin’ azi’raq qosi’msha kepilligin ta’miyinlewdi usi’ni’w (aktsiyalar, wobligatsiyalar, bank tapsi’rmasi’ yamasa qandayda basqa tu’rdegi kepillikler) talap etiledi.

O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ «Lizing haqqi’nda»g’i’ ni’zami’n ha’m ko’rsetpelerin u’yrene woti’ri’p, wog’an to’mendegishe ani’qlama beriw maqsetke muwapi’q.

Lizing-o’nim islep shi’g’ari’wshi’lar ha’m woni’ qayta islewshi ka’rxana ushi’n materialli’q-texnikali’q qurallardi’ sati’p ali’w, sati’w, kredit kelisimin du’ziw ha’m investitsiya kirgiziw ha’mde ma’lim waqi’tqa ijarag’a beriw ha’m lizing to’lewdi ali’p turi’w arqali’ payda ko’riw, sonday-aq xojali’qlardi’n’ materialli’q-texnikali’q bazasi’n bekkemlewdegi finanslasti’ri’wdi’n’ da’stu’riy emes wo’zine ta’n formasi’.

Haqi’yqattan da, lizing qatnasi’qlari’ komplekslik sho’lkemlestiriwshilerden biri boli’p, tapsi’rma sha’rtnamasi’ esaplanadi’ ha’m wol eki ret qollani’ladi’:

- Birinshi ret paydalani’wshi’ lizing kompaniyalari’ ushi’n mu’lkti sati’p ali’wdi’ tapsi’rg’anda;
- Ekinshi ret- lizing beriwshi paydalani’wshi’g’a mal-mu’lkti qabi’l etiwdi ha’mde bunnan keyin pu’tinligi ha’m sapasi’ boyi’nsha mu’mkinshiliklerin tikkeley tovar jetkerip beriwshige ko’rsetiwdi tapsi’rg’anda qollani’ladi’.

Ha’zirgi waqi’tta agrar sektorda ekonomikali’q reformalardi’ teren’lestiriwde lizing sistemasi’n du’ziw ha’m woni’ jetilistiriw talap etilmekte. Sebebi materialli’q-texnikali’q resurs jetispewshilikti ha’m wolardi’n’ bahalari’ni’n’ ji’l sayi’n arti’p bari’wi’ jag’dayi’nda tiykarg’i’ wazi’ypa lizing xi’zmetin sho’lkemlestiriw tiykari’nda xojali’qlardi’n’ materialli’q texnikali’q bazasi’n bekkemlewge erisiwden ibarat.

Biraq bazar ekonomikasi’ jag’dayi’nda lizing kompaniyalari’ni’n’ jumi’si’n sho’lkemlestiriw boyi’nsha ta’jiriybenin’ jeterli emesligi, kapital qarji’lardi’n’ jetispewshiligi ha’m usi’ si’yaqli’ bir neshe faktorlar lizing xi’zmetinin’ rawajlani’wi’na keri ta’sirin tiygizbekte.

Lizing qatnasi’qlari’n wornati’wda lizing sistemasi’n du’ziw formasi’n, lizing xi’zmeti tu’rlerin ha’m mu’ddetin qatan’ belgilep qoyi’w naduri’s boladi’, wolardi’ ko’birek ko’terin’kilik penen islewge u’yretiw za’ru’r.

Bizge belgili, lizing quramali’ xi’zmet si’pati’nda sub’ektlerdin’ sani’ ha’m wolar ta’repinen wori’nlanatug’i’n funktsiyalar boyi’nsha sho’lkemlestiriwshilik-huqi’qi’y, finansli’q, texnikali’q marketing ha’m wo’ndiris protsessleri mal-mu’lki a’melge asi’ri’wda talap etiwshi investitsiya proektlerinin’ wo’zgesheliklerine qaray da pari’qlanadi’. Sub’ektler ta’repinen wo’tkeriletug’i’n ilajlardi’n’ ta’rtibi lizing sha’rtnamasi’ndag’i’ sub’ekttin’ worni’ menen ani’qlanadi’.

Sho’lkemlestiriwshilik jumi’slari’n lizing kompaniyasi’ a’melge asi’radi’. Lizing to’lemin qa’wip qa’terden qorg’aw maqsetinde klientlerdi ekonomikali’q teren’ bahalaw, respublikadag’i’ investitsiyalardi’n’ tiykarg’i’ bag’dari’n ani’qlaw ha’m lizing wob’ektleri bazari’n u’yreniw u’lken a’hmiyetke iye.

Bazar qatnasi’qlari’ni’n’ tiykarg’i’ sha’rti ko’p ukladli’ ekonomikada ba’seke wortali’g’i’n qa’liplestiriwdin’ huqi’qi’y, sho’lkemlestiriwshilik sharayatlari’n ju’zege shi’g’ari’wdan ibarat.

Ha’zirgi waqi’tta O’zbekistanda lizing sistemasi’ni’n’ payda boli’wi’n u’sh da’wirge aji’rati’w mu’mkin.

Birinshi da’wirge «Lizing haqqi’nda»g’i’ arnawli’ normativ hu’jjetlerdin’ joqli’g’i’, ani’q aytqanda lizing kelisimi qatnasi’wshi’lari’ni’n’ huqi’qi’y jag’daylari’ haqqi’nda jeterli ta’jiriybenin’ joqli’g’i’ sebebinen O’zbekistanda lizing xi’zmeti ijara ko’rinisinde 1994 ji’l aqi’rlari’nan a’melge asi’ri’la baslandi’. Huqi’qi’y ani’q emeslik birge kemeyiwshilerdin’ qa’wip-qa’terine ushi’raw da’rejesin artti’ri’p, isbilermenlik ko’terin’kiligin to’menletedi ha’m ilimiy texnikali’q progresstin’ jetiskenliklerin a’melge asi’ri’li’wi’n shekler edi. Buni’ biz «Keys» korporatsiyasi’ni’n’ awi’l xojali’q texnikalari’n MTP DAJ lari’na lizing sha’rtnamasi’ tiykari’nda beriliwinde ko’riw mu’mkin.

Ekinshi da’wir, 1997 ji’ldi’n’ fevral’ ayi’nan baslani’p, lizing kelisimleri arnawli’ normativ bazasi’ni’n’ aktiv qa’liplesiwi menen xarakterlenip to’mendegi ni’zam ha’m normativ hu’jjetlerde sa’wlelengen.

- O’zbekistan Respublikasi’ Ministrler Kabinetinin’ 1995 ji’l 5 yanvarda «O’zbeklizing İnterneyshnl LTD» qosi’msha lizing kompaniyasi’n du’ziw

haqqi’ndaG’g’i’ qarari’ qabi’l etilgen bolsada, 1997 ji’l iyul’ ayi’nan baslap berilgen lizing protsesslerin a’melge asi’ra baslag’an;

- O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ «Puqarali’q kodeksi» 1997 ji’l 1 martta ku’shke kirgizilgen;
- Orayli’q bank basqari’wi’ni’n’ 1997 ji’l 29 marttag’i’ II baslamasi’ menen tasti’yi’qlang’an «O’zbekistan Respublikasi’ bankleri ta’repinen lizing protsesslerin wo’tkeriw ta’rtibi» haqqi’ndag’i’ ko’rsetpesi;
- O’zbekistan Respublikasi’ Finans Ministrligi ta’repinen 45-sanli’ 1998 ji’l 30 sentyabrde islep shi’g’i’lg’an O’zbekistan Respublikasi’ buxgalteriya esabi’ milliy standarti’ №6 «Lizing esabi’»;
- O’zbekistan Respublikasi’ woliy Ma’jilisinin’ 1999 ji’l 14 apreldegi XIV sessiyasi’nda bolsa, «Lizing haqqi’nda»g’i’ ha’m «İsbilermenlik ha’m isbilermenler xi’zmetinin’ kepilligi haqqi’nda»g’i’ ni’zamlari’ qabi’l etildi;
- Orayli’q bank basqari’wi’ni’n’ 1997 ji’l 29 marttag’i’ II bayanlamasi’ 1999 ji’l 20 iyuldan biykar etildi ha’m 776-bayanlamasi’ menen tasti’yi’qlang’an «O’zbekistan Respublikasi’ bankleri ta’repinen lizing protsesslerin wo’tkeriw ta’rtibi» haqqi’ndag’i’ ko’rsetpesi ja’riyalang’an.

O’zbekistan Respublikasi’ lizing xi’zmetin ko’rsetiw haqqi’ndag’i’ ni’zamli’li’g’i’ u’yrenip shi’g’i’ldi’. Soni’n’ ishinde O’zbekistan Respublikasi’ «Lizing haqqi’nda»g’i’ ni’zam qabi’l etilgenge shekem «Lizing haqqi’nda»g’i’ waqti’nshali’q ni’zam bar edi. Biraq wonda lizing beriwshi, wo’z mal-mu’lkin ijarag’a beriwden da’ramat ali’wshi’ boli’p, lizing bolsa, isbilermenlik xi’zmetinin’ bir tu’ri si’pati’nda belgilengen edi.

U’shinshi da’wirde bolsa, O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ puqarali’q Kodeksinin’ 34-bap, 6-paragraf 587-592 stat’yalari’nda ha’m «Lizing haqqi’nda»g’i’ ni’zamda lizingtin’ ma’nisi finansli’q ijara si’pati’nda belgilengen ha’m wolardi’n’ wob’ektleri ha’m sub’ektleri, lizing tu’rleri ha’mde formalari’n teren’ ilimiy u’yreniw ha’m a’melge engiziw bag’darlari’ islep shi’g’i’lg’an.

O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ «Lizing haqqi’nda»g’i’ ni’zami’n u’yrene woti’ri’p, to’mendegi wo’zgerislerdi kirgiziwdi usi’ni’s etemiz:

- O’zbekistan Respublikasi’ «Lizing haqqi’nda»g’i’ ni’zami’nda shet el sho’lkemlerinin’ investitsiyasi’ lizing sub’ekti ekenligi ko’rsetilmegen. Sol sebepli O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ «Lizing haqqi’nda»g’i’ ni’zami’ni’n’ 4-stat’yasi’ni’n’ 5 abzatsi’na «Shet el sho’lkemleri investitsiyasi’ da lizing sub’ekti esaplanadi’, O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ parktikasi’ndag’i’ ni’zamlarg’a tiykarlani’p wo’z xi’zmetin ju’rgizedi» dep ko’rsetiw maqsetke muwapi’q;
- «Lizing sha’rtnamasi’ boyi’nsha lizing beriwshinin’ wo’z qarji’si’ ha’m qari’z qarji’lari’ investitsiyalarg’a qarati’lg’an belgili ta’wekelshilikke tiykarlang’an, menshiklik juwapkershiligindegi isbilermenlik xi’zmetinin’ tu’ri-lizing xi’zmeti esaplanadi’» dep 8-stat’yag’a qosi’msha kirgiziw maqsetke muwapi’q boladi’, usi’ni’n’ menen lizing xi’zmeti menen shug’i’llani’wshi’

shaxslar ta’wekelshilikte ju’zege keliwi mu’mkin bolg’an ha’r qi’yli’ qa’wiplerge shi’dam beriledi ha’m juwapkershilikti teren’ seziwge erisiledi.

Bunnan ti’sqari’ lizing to’lemi qurali’ haqqi’nda ni’zamda ani’q ko’rsetilmegen, biraq solnda wob’ekt amortizatsiyasi’na, lizing beriwshinin’ qa’rejetleri ha’m woni’n’ da’ramati’na itibar qarati’lg’an, ko’plegen ekonomikali’q a’debiyatlarda lizing to’lemlerinin’ bir neshe qurami’ keltirilgen ha’m wolar to’mendegishe:

- lizing wob’ektinin’ toli’q yamasa wog’an jaqi’n qi’ni’n qaplaw;
- kredit resurslari’ ushi’n lizing beriwshige to’lenetug’i’n summa;
- amortizatsiya aji’ratpalari’;
- lizing beriwshige da’lda’lshi’li’q haqi’si’;
- eger lizing beriwshi wo’z mu’lkin qamsi’zlandi’rg’an bolsa, lizing mu’lkin qamsi’zlandi’ri’w ushi’n to’lenetug’i’n summa;
- lizing beriwshinin’ qosi’msha xi’zmetleri ushi’n to’lem summasi’;
- belgilenetug’i’n sali’q, ekologiya ha’m jergilikli to’lemler;
- lizing beriwshinin’ lizing sha’rtnamasi’nda go’zlengen basqa qa’rejetleri.

İslep shi’g’ari’latug’i’n wo’nimnin’ wo’zine tu’ser bahasi’ni’n’ arti’p ketpewi ha’m lizing ali’wshi’lardi’ ekonomikali’q qi’yi’n jag’dayg’a sali’p qoymawshi’li’q ushi’n ma’mleket ta’repinen tarawlarg’a qaray jen’illikler beriliwi ha’m jergilikli ha’kimiyat ta’repinen ha’r qi’yli’ to’lemlerden azat etiw. Sonday-aq, ni’zamshi’li’qta jan’a shet el texnologiyalari’n ali’p keliw sha’rtlerinin’ ko’rsetiliwi, yag’ni’y baji’xana to’lemleri, qosi’lg’an qun sali’g’i’, mu’lk sali’g’i’, sali’q tarawi’ndag’i’ jen’illiklerdi qollani’w lazi’m. İnvestitsiya xi’zmeti haqqi’nda qabi’l etilgen ni’zamlardi’ esapqa ali’p, shet el lizing beriwshilerinin’ huqi’qlari’na kepillik beriw ha’m qorg’aw ilajlari’na bag’i’shlang’an ayi’ri’m stat’yalar wo’z aldi’na aji’rati’li’wi’ za’ru’r dep esaplaymi’z.

Ni’zam boyi’nsha lizing kelisimlerinin’ baslawshi’si’ boli’p, mi’sali’, awi’l xojali’g’i’ tarawi’nda xojali’qlar wo’zinin’ qanday xojali’q texnikalari’na bolg’an mu’ta’jligin ma’lim etiwshi lizing ali’wshi’ esaplanadi’. lizing beriwshinin’ kompaniyasi’ lizing ali’wshi’ ta’repinen ko’rsetilgen wo’nimdi tayarlawshi’dan sati’p aladi’. Lizing qatnasi’qlari’ ko’p ma’selelerdin’ sheshiliwi tikkeley za’ru’r tiykarg’i’ quraldi’ sati’wshi’li’q kim tan’lap alg’anli’g’i’na baylani’sli’ boladi’. Lizing kompaniyasi’ wob’ektinin’ menshik iyesi si’pati’nda ra’smiy ta’n ali’nadi’. wol wob’ektin haqi’yqattanda wo’z skladi’na qabi’l etpeydi ha’m mu’lktin’ tosi’nnan nabi’t boli’wi’na da juwap bermeydi. Lizing wob’ektinin’ ayri’qsha jag’daylarda nabi’t boli’w qa’wip-qa’teri lizing wob’ekti iyesi emes, ba’lkim O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ «Lizing haqqi’nda»g’i’ Ni’zamni’n’ 19-stat’yasi’nda ko’zde tuti’lg’ani’nday, lizing ali’wshi’ni’n’ moyni’na tu’sedi. Lizing ali’wshi’ mal-mu’lk qamsi’zlandi’ri’wi’n a’melge asi’ri’wi’ lazi’m. Soni’n’ menen birge, lizing kompaniyasi’ lizing ali’wshi’ ta’repten minnetlemelerdin’ wori’nlanbag’anli’g’i’, soni’n’ ishinde, lizing wob’ekti ushi’n wo’z waqti’nda

haqi’ to’lemewshiligi jag’daylari’nda sha’rtnamani’ biykar etiw ha’m lizing wob’ektlerin qayti’p ali’w mu’mkinshiligine iyne.

Mulkdar sapalari’na lizing kompaniyasi’ ushi’n ju’z beriwi mu’mkin bolg’an jog’alti’wlardi’ qaplaw maqsetinde lizing wob’ektlerinin’ kepillik beriwdi qollani’wdi’n’ kerekgi joq. Bunnan ti’sqari’, lizing ali’wshi’ni’ bankrot dep ja’riyalag’an halda, lizingke ali’ng’an mal-mulk tan’law buyi’mlari’ topari’na kirgizilmeydi.

Lizing tek lizing beriwshi kelisim wob’ektinin’ huqi’qi’y, menshik iyesi si’pati’nda maydang’a shi’qsa, lizingten paydalani’wshi’ bolsa, ekonomikali’q mu’lk iyesi esaplanadi’, bul woni’ a’piwayi’ ijarashi’dan a’hmiyetli da’rejede aji’rati’p turadi’. Lizingtin’ belgilerinen biri mal-mu’lkti sati’wshi’ ha’m paydalani’wshi’si’, yag’ni’y lizing ali’wshi’ni’n’ arnawli’ qatnasi’qlari’nda payda boladi’. lizing ali’wshi’ tikkeley sati’wshi’g’a mal-mu’lktin’ sapasi’, pu’tinligi, jetkerip beriw mu’ddeti boyi’nsha shag’i’m etiwi mu’mkin, biraq sawda sati’q sha’rtnamasi’n biykar ete almaydi’. wol lizing beriwshi aldi’nea woni’n’ biykar etiliwi ha’m zi’yanlardi’n’ qaplani’wi’ haqqi’ndag’i’ ma’seleni qoya aladi’. Lizing ali’wshi’ lizingtegi mal-mu’lkti saqlaw, basqa jag’daylarda ko’zde tuti’lmag’anda woni’ qamsi’zlandi’ri’wi’, soni’n’ ishinde wo’zinin’ lizing beriwshi aldi’ndag’i’ juwapkershiligin qamsi’zlandi’ri’wda sog’an kiredi. Sonday-aq, mal-mu’lkten paydalani’w, texnikali’q xi’zmet ko’rsetiw ha’m won’law boyi’nsha barli’q qa’rejetlerdi wo’z moyni’na aladi’. Sonli’qtan O’zbekistan Respublikasi’ «Lizing haqqi’nda»g’i’ Ni’zami’na «Lizing wob’ektin saqlaw qa’rejetleri» atli’ stat’ya kirgiziw maqsetke muwapi’q boladi’. woni’n’ mazmuni’ to’mendegishe: «Finansli’q lizing sha’rtnamasi’nda egerde sha’rtnamada basqa jag’daylar ko’zde tuti’lmag’an bolsa, lizing ali’wshi’ mu’lkin wo’z esabi’nan ag’i’mdag’i’ won’law ha’m texnikali’q xi’zmet ko’rsetiwdi a’melge asi’radi’, kapital won’lawdi’ bolsa, lizing beriwshi wori’nlaydi’.

Operativ lizing sha’rtnamasi’nda tiykarg’i’ qurallardi’ won’law ha’m texnikali’q xi’zmet ko’rsetiw tu’rlerin lizing beriwshi a’melge asi’radi’. Usi’ni’n’ menen sub’ektler wortasi’ndag’i’ lizing wob’ektin saqlaw boyi’nsha ju’zege keliwi mu’mkin bolg’an tu’rli kelispewshiliklerge shek qoyi’ladi’.

Du’n’ya ekonomikasi’nda birinshi g’a’rezsiz lizing kompaniyasi’ payda bolg’annan 60 ji’l wo’tkennen keyingi O’zbekistan ha’m basqa ma’mleketlerde lizing xi’zmetin huqi’qi’y ta’miyinlewge tiykarg’i’ u’sh jantasi’w ju’zege keledi:

- lizing ijarani’n’ uzaq mu’ddetli formasi’ menen toli’q yamasa derlik toli’q ani’qlandi’ri’w ha’mde woni’n’ qag’i’ydalari’n isbilermenlik xi’zmetinin’ jan’a tu’rine muwapi’q tu’rde engiziw;
- lizing qatnasi’qlari’ kompleksi puqarali’q huqi’qi’ni’n’ da’stu’riy emes normalari’: investitsiya, kredit, ijara, qari’z, qabi’l etiw sha’rtnamalari’ ha’m basqalar ja’rdeminde ta’rtipke sali’w;
- lizing huqi’qi’y qatnasi’qlari’ni’n’ sapa jag’i’nan jan’a tu’ri boli’p esaplani’wi’, woni’ a’meldegi ni’zamshi’li’q normasi’ arqali’ sa’wlelendiriw

mu’mkin emes ha’m wo’z aldi’na g’a’rezsiz sha’rtnama arqali’ ra’smiylestiriliwi tiyis.

Lizingtin’ quramali’ huqi’qi’y ta’biyati’ sonnan ibarat, ijara, sawda jumi’slari’, tovar krediti, investitsiya, tapsi’rma ha’m basqa aralas qatnasi’qlardi’n’ shegarali’q tarawi’nda jaylasqan.

Lizing ali’wshi’ ha’m a’piwayi’ ijarani’n’ kelisim wob’ektinin’ kapital ta’miyinleniwin a’melge asi’ri’wi’ boyi’nsha minnetleri bag’dari’ndag’i’ huqi’qi’y statuslari’ a’hmiyetli da’rejede pari’qlanadi’.

Finansli’q lizingte saqlani’p ati’rg’an mal-mu’lkti saqlaw boyi’nsha barli’q qa’rejetler lizing ali’wshi’ni’n’ moyni’na tu’sse, ijara jag’dayi’nda bolsa, uli’wmali’q qag’i’ydag’a qaray qarama-qarsi’ ta’rep lizing beriwshige wo’z esabi’nan berilgen wob’ekttin’ kapital ta’miyinleniwin a’melge asi’ri’wg’a ma’jbu’r.

Bul minnettin’ buzi’li’w jag’dayi’nda lizing ali’wshi’ to’mendegi huqi’qlarg’a iye:

- sha’rtnamani’ biykar etiw ha’mde zi’yanlardi’ qaplawdi’ talap etiw;
- kapital ta’miyinlewdi a’melge asi’ri’w ha’mde lizing beriwshiden ta’miyinlew quni’n wo’ndiris ali’w yaki lizing to’lemi esabi’na kirgiziw.

Soni’n’ ushi’nda, ko’birek ekonomikali’q ma’niste, lizing pul ko’rinisinde emes, ba’lkim wo’ndiris formasi’nda qaytari’w tiykari’nda, yag’ni’y mu’lkti paydalani’wg’a beriw formasi’nda qarji’lardi’ tiykarg’i’ kapitalg’a investitsiyani’ paydalani’wdi’ payda etedi. Mal-mu’lk iyesi wo’z mazmuni’na qaray paydalani’wshi’g’a finansli’q xi’zmet ko’rsetedi: wol wo’z kapitali’na mal-mu’lkti sati’p aladi’, woni’ paydalani’wshi’g’a ma’lim mu’ddetke tapsi’radi’ ha’mde lizing ali’wshi’dan tu’sken to’lemler esabi’nan qa’rejetlerdi qaplaydi’. Solay etip, kelisim, kreditlestiriwdegi si’yaqli’, ko’rsetilip ati’rg’an xi’zmet ushi’n da’lda’lshi’li’q haqi’ ko’rinisinde ma’lim mu’ddetli, qaytari’w ha’m haqi’ to’lew jag’dayi’nda a’melge asi’ri’ladi’. Bul jerde, qari’z beriwshi si’pati’nda lizing beriwshi, qari’z ali’wshi’-lizing ali’wshi’, qari’z wob’ekt boli’p- lizing predmeti esaplanadi’.

Bizge belgili, finansli’q lizing- bul mal-mu’lktin’ paydalani’wg’a beriw ko’rinisindegi tiykarg’i’ fondlardi’n’ tovar krediti esaplanadi’. wol tovar formasi’nda sati’wshi’ ta’repinen qari’ydarg’a sati’lg’an tovar ushi’n to’lemnin’ keshiktiriliwi ko’rinisinde jetkerip beriledi. Biraq, huqi’qi’y jaqtan, wolar wortasi’nda a’hmiyetli parq bar, sebebi, sol-mu’lkten paydalani’wshi’ lizing beriwshi menen qari’z boyi’nsha pulli’ sha’rtnama du’zbeydi.

Lizing krediti kelisimi menen sali’sti’ri’wda bir a’hmiyetli jag’daydi’ na’zerde ti’ti’w lazi’m. Lizing beriwshi, lizing ali’wshi’ ha’m banktin’ wo’z-ara kelisiwine qaray kredit summasi’ lizing wob’ekti lizing kompaniyasi’n shetlep wo’tip, tiykarg’i’ qural wo’ndiriwshi zavod ta’repinen tikkeley lizing ali’wshi’g’a jetkerip berilgen si’qli’, lizing beriwshinin’ esap betin shetlep wo’tip, tikkeley lizing wob’ekti wo’ndiriwshi zavodqa wo’tkerip beriliwi bank xi’zmeti qa’rejetlerinin’ kemeyiwin sa’wlelendiredi. Lizing kompaniyasi’ni’n’ tiykarg’i’

qural wo’ndiriwshi zavodg’a lizing wob’ektin sati’p ali’w ushi’n kreditke ali’ng’an qarji’ni’ ko’shiriwde bank xi’zmeti qa’rejetlerin kemeytiwge erisiledi. Biraq bunday kredit ushi’n haqi’ to’lewden qari’z ali’wshi’ lizingke ali’ng’an u’skenelerden paydalani’w arqali’ do’retilip ati’rg’an wo’nimnin’ wo’zine tu’ser bahasi’na kiriwshi ag’i’mdag’i’ qa’rejetler esabi’na a’melge asi’ri’li’wi’ mu’mkin emes. Tiykarg’i’ qurallardi’ sati’p ali’w ushi’n ali’ng’an kreditler payda esabi’nan to’lenedi. Ha’zirgi wo’ndiris bazasi’n jan’alaw ushi’n kreditten paydalani’wshi’ ka’rxanalar paydasi’nan ali’natug’i’n sali’q boyi’nsha jen’illikler berilgen. Bizge belgili, bul boyi’nsha lizing wob’ektin ijarag’a alg’an ha’mde kreditor-bank penen esap-kitapti’ wo’ndirilip ati’rg’an wo’nimnin’ bahasi’ qurami’na kiritiliwshi amortizatsiya aji’ratpalari’ esabi’na a’melge asi’ri’wshi’ isbilermenler ushi’n isenimli finansli’q jag’day jaratadi’. Bul jag’dayda, ka’rxanalar ten’ bolmag’an jag’dayg’a tu’sip qaladi’: birewleri kredit ushi’n payda esabi’nan esap-kitap islese, basqalari’ wo’nimnin’ wo’zine tu’ser bahasi’nda esapqa ali’wshi’ qa’rejetler esabi’nan a’melge asi’radi’, na’tiyjede sali’qqa tarti’w bazasi’ paydada kemeytip ko’rsetiledi.

**Keste-4**

**Qaraqalpaqstan Respubli’kasi’nda 2010-2014-ji’llarda awi’l xojali’q ka’rxanalari’n traktor, awi’l xojali’k wonimlerin ji’ynaytug’i’n texnikalar menen tamiyinlew ha’m lizing tu’rinde jetkerip beriw.**

| Awi’l xojali’q ha’m wot-jemlik ji’ynawshi’ texnikalardi’n’ ati’. | 2010-2014-ji’llari’ | | Usi’dan ji’llarda | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | 2010 g. | | 2011 g. | | 2012 g. | | 2013 g. | | 2014 g. | |
| | Jami | usi’dan lizing turinde | Jami | usi’dan lizing turinde | Jami | usi’dan lizing turinde | Jami | usi’dan lizing turinde | Jami | usi’dan lizing turinde | Jami | usi’dan lizing turinde |
| **I. Traktorlar, aui’l xojali’k texnikalari’n islep shi’garatugi’n "Uzsel’mash-xolding" kompaniyasi’ xem birgeliktegi karxanalar.** | | | | | | | | | | | | |
| GAO "TTZ" traktori’n islep shi’gari’ushi’ | 1250 | 1000 | 250 | 200 | 250 | 200 | 250 | 200 | 250 | 200 | 250 | 200 |
| Jokari’ kuuatli’ kop jumi’s kolemin | | | | | | | | | | | | |
| kolaylasti’ri’lgan | 170 | 85 | 34 | 17 | 34 | 17 | 34 | 17 | 34 | 17 | 34 | 17 |

| | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| traktorlar. | | | | | | | | | | | | |
| **II. SP "LandTexnik-Tashkent" ten shi’qqan wot-jemlik ji’ynaushi’ texnika ("Uzagromashservis"assotsiatsiyasi’)** | | | | | | | | | | | | |
| Ot-jemlik ji’ynaushi’ kombayn "Maral- | | | | | | | | | | | | |
| 125", jami | 335 | | 65 | | 65 | | 65 | | 70 | | 70 | |
| usi’dan Karakalpakstan | | | | | | | | | | | | |
| Respublikasi’ ushi’n | 100 | | 20 | | 20 | | 20 | | 20 | | 20 | |
| Esletpe: Texnikalardi’ lizing tiykari’nda jetkizib beriu wozbekstan Respublikasi’ Ministrler Kabinetinin | | | | | | | | | | | | |
| 2000-ji’l 2-noyabr’degi №424 sanli’ karari’ boyi’nsha amelge asi’ri’ladi’. | | | | | | | | | | | | |

Soni’ ayti’w kerek, ayi’ri’m ali’ng’an da’stu’riy puqarali’q huqi’qi’y sha’rtnamalardan hesh biri lizing qatnasi’qlari’ni’n’ toli’q mazmuni’n wo’zinde sa’wlelendirmeydi. Lizing wob’ekti qatnasi’wshi’ sub’ektlerdin’ huqi’q ha’m minnetleri O’zbekistan Respublikasi’ «Lizing haqqi’nda»g’i’ ni’zami’ni’n’ 11, 12, 13 stat’yalari’nda ken’ ko’rsetilgen. Sonli’qtan bulardi’n’ barli’g’i’ lizing kompaniyalari’ni’n’ isbilermenlik xi’zmetine za’ru’r bolg’an erkin ha’reketin ta’miyinleydi. Lizing sha’rtnamasi’ sub’ektlerinin’ ken’ jetilisken huqi’qi’y ma’pdarli’g’i’n ta’miyinlewshi normativ hu’jjetlerdi islep shi’g’i’wdi’ talap etedi. ma’mleketimizde qa’liplesken ishki bazar sektori’ni’n’ tu’rli menshik formasi’ndag’i’ xojali’qlari’ni’n’ materialli’q-texnikali’q ta’miynati’nda tikkeley lizingti sho’lkemlestiriw, yag’ni’y ishki sub’ektlerge lizing sha’rtnamasi’ tiykari’nda beriw, si’rtqi’ bazar sektori’nda bolsa, qosi’msha lizingti, yag’ni’y u’shinshi sub’ekt arasi’ndag’i’ aldi’-satti’ ha’m lizing sha’rtnamasi’n du’ziwdin’ huqi’qi’y tiykarlari’nan paydalani’w maqsetke muwapi’q. Du’n’ya ju’zilik

ekonomikali’q praktika lizingtin’ kapital qoyi’lmalari’n jeterli da’rejede saqlap turi’wg’a xi’zmet etiwshi finansli’q qural si’pati’ndag’i’ lizing sha’rtnamalari’n finanslasti’ri’w kommertsiyali’q bankler tiykari’nda du’ziletug’i’n lizing kompaniyalari’ yamasa banklerdin’ wo’zi a’melge asi’radi’. Lizing sha’rtnamalari’n du’ziwde woni’n’ qurami’nda to’mendegi ko’rsetkishler ko’rsetiliwi sha’rt:

- lizing wob’ekti;
- lizing wob’ektinin’ jiberiw waqti’;
- lizing mu’ddeti;
- lizing beriwshinin’ huqi’qi’;
- lizing wob’ektinin’ kepilligi;
- texnikali’q xi’zmet ko’rsetiw ha’m won’law;
- tosattan nabi’t bolg’andag’i’ ha’m baxi’tsi’z ha’diyselerdegi jag’dayi’;
- qamsi’zlandi’ri’w ma’selesi;
- lizing to’lew ta’rtibi ha’m kestesi;
- mu’ddeti wo’tken lizing to’lemi ushi’n ja’riyma to’lew mu’ddeti;
- lizing mu’ddetinen aldi’n sati’p ali’w mu’mkinshilikleri;
- sali’q ha’m baji’ to’lew ta’rtibi;
- sha’rtnamani’ biykar etiw sha’rtleri;
- lizing sha’rtnamasi’ mu’ddeti da’wirinde jan’a jag’daylar payda bolg’anda wolardi’ sheshiw ta’rtibi;
- ta’replerdin’ qosi’msha huqi’qlari’;
- ta’repler wortasi’ndag’i’ kelispewshilik jag’daylari’nda a’meldegi ni’zamlar tiykari’nda xojali’q sudlari’na mu’ra’ja’t etiw ta’rtibi;
- lizing wob’ektin belgilengen waqti’nda jibermegen jag’daylardag’i’ juwapkershiligi;
- ta’replerdin’ za’ru’r mag’li’wmatlardi’ usi’ni’s etiw minnetleri;

- kimler tapsi’ri’wshi’ ha’m qabi’llawshi’ boli’wi’ haqqi’ndag’i’ ta’replerdin’ tasti’yi’qlawi’;
- ta’replerdin’ jaylasqan ma’nzili;
- qosi’mshalar (lizing wob’ektinin’ ati’, bahalar h.t.b.);
- lizing wob’ektinin’ qaldi’q quni’ summasi’ni’n’ kepilligi;
- banktin’ kepillik xati’.

Biraq ma’mleketimizde lizing sistemasi’ sub’ektleri wortasi’ndag’i’ wo’z-ara lizing sha’rtnamalari’n du’ziw ta’rtibin analizlew na’tiyjesinde to’mendegiler ma’lim boldi’:

- Respublika regionlar arali’q «Ta’miynatshi’-Paxta» bazasi’ ha’m Qaraqalpaqstan Respublikasi’ propromashservis rayon mashina traktor parki aktsionerlik ja’miyeti wortasi’nda 2001-2002-2003 ji’llarda «Keys-2166, 2163» g’a’lle wori’w kombayni’, «Magnum-8940» jer aydaw traktorlari’n lizing qatnasi’qlari’ tiykari’nda du’zilgen lizing sha’rtnamasi’ joqari’dag’i’ sha’rtlerge toi’lq juwap bermeydi. Mi’sali’, lizing to’lew kestesinde to’lew qurami’nda qanday ko’rsetkishler bar ekenligi ko’rsetilmegen, traktorlardi’ jetkerip beriw sha’rtleri, transport qa’rejetleri kim ta’repinen to’leniwi ko’rsetilmegen, kepillik mu’ddeti dawami’nda lizing wob’ektinin’ nasazli’g’i’ respublika aymag’i’nda kim ta’repinen du’zetiliwi ani’q ko’rsetilmegen, lizing wob’ektinen wo’z worni’nda paydalani’w sha’rt ekenligi sha’rtnamada belgilep qoyi’lmag’an;
- «O’zqishloqxwjalikmashlizing» kompaniyasi’ ta’repinen 2001 ji’lda du’zilgen lizing sha’rtnamasi’ni’n’ barli’q bo’limleri ha’zirgi talapqa juwap berse de, woni’n’ VI «Ta’replerdin’ huqi’q ha’m minnetleri» bo’liminin’ 6-ba’ntine «Lizing ali’wshi’ lizing to’lemlerin to’lemegen jag’dayda lizing beriwshinin’ talabi’ tiykari’nda woni’n’ buxgalteriyali’q esabati’, ji’lli’q esabatlari’, ekonomikali’q jag’dayi’ haqqi’ndag’i’ basqa mag’li’wmatlardi’ beriw lazi’m» dep qosi’msha kirgiziw maqsetke muwapi’q.

Lizing sistemasi'ni'n' joqari'da keltirilgen usi'ni'slari'n itibarg'a ali'p ma'mleketimiz ekonomikasi'nda lizing sistemasi'ni'n' wo'z worni'na iye boli'wi' ha'm ASK ka'rxanalari'n lizing wob'ektleri menen ta'miyinleniwinin' huqi'qi'y tiykari'n bekkemlewde a'hmiyetli faktor esaplanadi'. usi'ni'n' menen ma'mleketimiz materialli'q-texnikali'q bazasi'n lizing sha'rtnamalari' tyikari'nda huqi'qi'y rawajlandi'ri'w du'n'ya standartlari' da'rejesinde xojali'qlardi' tiykarg'i' qurallar menen ta'miyinlewdin' garanti'.

Agrar tarawda ekonomikali'q reformalardi' teren'lestiriw ma'mleketlik menshik monopoliyasi'na shi'dam beriw, haqi'yqi'y jer iyeleri bolg'an, wo'z betinshe xojali'q ju'rgiziwshi sub'ektler (fermer ha'm diyxan xojali'qlari' ha'mde wo'nimdi qayta islewshi ka'rxanalardi'n') sani'ni'n' arti'wi', materialli'q-texnikali'q bazasi'n bekkemlew ushi'n lizing sistemasi'n du'ziw ha'm woni' jetilistiriwdi talap etpekte.

Ha'zirgi materialli'q texnikali'q resurslardi'n' jetispewshiligi ha'm wolar bahalari'ni'n' ji'l sayi'n arti'p bari'wi', wortasha bir xojali'qqa tuwri' keliwshi egin mashqalalari'ni'n' qi'sqari'p bari'wi' jag'dayi'nda tiykarg'i' wazi'ypa lizing xi'zmetin engiziw tiykari'nda xojali'qlardi'n' materialli'q-texnikali'q bekkemlewge erisiwden ibarat.

Biraq, bazar ekonomikasi' jag'dayi'nda lizing kompaniyalari'nda jumi'sti' sho'lkemlestiriw boyi'nsha ta'jiriybenin' jeterli emesligi, kapital qarji'lardi'n' jetispewshiligi ha'm usi' si'yaqli' bir neshe faktorlar lizing xi'zmetinin' rawajlani'wi'na keri ta'sir ko'rsetpekte.

## 1.3 Elimiz ekonomikasi'nda lizing komaniyalari'ni'n' roli ha'm woni' rawajlandi'ri'w jollari'

Respublikami'z Prezidenti İ.A.Karimov «O'zbekistanni'n' wo'zinin' jan'alani'w ha'm rawajlani'w joli'» miynetinde «Jer ju'zilik ha'm wo'zimizdin' praktikami'zdan ali'ng'an barli'q unamli' ta'jiriybeden bas tartpag'an halda, wo'z

sotsial-ekonomikali’q ha’m siyasiy-huqi’qi’y rawajlani’w joli’mi’zdi’ tan’lap ali’w respublikani’n’ qatan’ pozitsiyasi’» degen so’zlerine tyikarlang’an halda, du’n’ya praktikasi’nda paydalani’li’p ati’rg’an lizing protsessin du’ziw strukturasi’n sub’ektler wortasi’ndag’i’ wo’z-ara baylani’sli’g’i’ du’n’ya ju’zilik klassik lizingi ta’jiriybesine tiykarlani’p ma’mleketimiz agrar wo’ndirisinin’ wo’zine ta’n wo’zgesheliklerinen kelip shi’qqan halda engiziw maqsetke muwapi’q boladi’.

Rawajlang’an ma’mleketlerdin’ lizing tarawi’ndag’i’ aldi’n’g’i’ ta’jiriybeleri ha’mde respublika ASK tarawi’ni’n’ tu’rli menshik formasi’nda xojali’q ju’rgiziwdin’ wo’zine ta’n wo’zgesheliklerin esapqa alg’an halda lizing kompaniyalari’n to’mendegi formalarda du’ziw mu’mkinligi ani’qlandi’:

- bank du’ziwshiliginde universal lizing kompaniyalari’n du’ziw;
- iri mashina ha’m u’skeneler islep shi’g’ari’wshi’ zavodlar tiykari’nda qa’nigelesken lizing bo’limlerin du’ziw;
- o’nim import ha’m eksporti’na ha’mde texnikali’q xi’zmetke qa’nigelesken iri firmalar bazasi’nda lizing xi’zmetin du’ziw.

Usi’ni’s etilip ati’rg’an bul variantlardi’n’ birinshi ha’m ekinshileri finansli’q lizingke ha’m qalg’anlari’ woperativ lizingke xarakterli.




1-si’zi’lma. Lizing protsessin sho’lkemlestiriw (du’n’ya klassik a’meliyati’nda)

İzertlewler na’tiyjesinde to’mende keltirilgen faktorlardi’ wo’zinde toli’q sa’wlelendiretug’i’n lizing sistemasi’ni’n’ sho’lkemlestiriwshilik-ekonomikali’q strukturasi’ islep shi’g’i’ladi’. Bul faktorlar:

1. Talapnama
2. Proekt (joybar) analizi
3. Buyi’rtpa
4. Qa’nigelesken finans-kredit sho’lkemi
5. Aldi’-satti’ sha’rtnamasi’
6. Lizing sha’rtnamasi’
7. Lizing wob’ektin paydalani’wg’a qabi’l etiw ma’limlemesin du’ziw
8. Lizing to’lewleri
9. Qamsi’zlandi’ri’w
10. Mu’lk sali’g’i’
11. Kreditti protsent penen to’lew




**2-si’zi’lma. Lizing sistemasi’ni’n’ usi’ni’li’p ati’rg’an sho’lkemlestiriwshilik-ekonomikali’q strukturasi’**

Usi’ si’zi’lmada lizing ali’wshi’ sub’ekt tikkeley wo’nim islep shi’g’ari’w ha’m isbilermenlik protsessinin’ baslawshi’si’ boli’p, wo’zinin’ materialli’q-texnikali’q bazasi’n bekkemlewde ten’ ekonomikali’ qma’pdar, lizing to’lewleri arzan boli’wi’ menen birgelikte wo’nimdarli’g’i’ joqari’ lizing wob’ektlerin lizingke ali’w arqali’ ekonomikali’q qatnasi’q wornati’w za’ru’r:

- lizing kompaniyasi’ sho’lkemlestiriwshilik qatnasi’qlarda lizing wob’ektin sati’p ali’wshi’ ha’m beriwshi si’pati’nda a’melge asi’radi’. wo’zinin’ haqi’si’n to’lemewshilik qa’wip-qa’terinen qorg’aw maqsetinde, wol sub’ektlerdi

ekonomikali’q teren’ bahalaw respublikadag’i’ investitsiyalardi’n’ tyikarg’i’ bag’darlari’n ani’qlaw ha’m lizing wob’ektleri bazari’n u’yreniw si’yaqli’ wazi’ypalardi’ wori’nlawi’ ha’m wonnan ekonomikali’ qma’pdar boli’wi’ tiyis;

- lizing wob’ektin islep shi’g’ari’wshi’ zavodlardi’n’ tiykarg’i’ wazi’ypasi’ lizing ali’wshi’ sub’ektler ushi’n barli’q texnikali’q talaplar da’rejesindegi, jumi’s wo’nimdarli’g’i’ joqari’ u’skeneler, awi’l xojali’q texnikalari’n islep shi’g’ari’w ha’m wolardi’n’ pu’tinligin ta’miyinlewden ibarat;
- lizing fondi’ agrar tarawdi’n’ lizing wob’ektin sati’p ali’wshi’ ha’m paydalani’wshi’ sub’ektlerine finansli’q ja’rdem ko’rsetiwge xi’zmet etiwi ha’m woni’ lizing sub’ektleri ta’repinen saylang’an wa’killer basqari’wi’ za’ru’r ha’mde fond du’ziwshileri ha’m lizing sub’ektlerinin’ u’les qarji’lari’ esabi’nan qa’liplesip bari’wi’ tyiis.

Lizing fondi’na xi’zmet ko’rsetiwshi qa’nigeler sani’ lizing xi’zmet ko’lemi ha’m lizing ali’wshi’lar sani’na qarap belgilenedi.

Usi’ni’li’p ati’rg’an bul sho’lkemlestiriwshilik-ekonomikali’q strukturani’ sho’lkemlestiriwden maqset lizing xi’zmetin rawajlandi’ri’wg’a xi’zmet etiwi mu’mkin.

Bizge belgili, lizing ali’wshi’ wo’zi ushi’n za’ru’r bolg’an mal-mu’lkti jetkerip beriwshini wo’z betinshe tan’lap aladi’. Biraq, wo’zinde qarji’lardi’n’ joqli’g’i’ ha’mde kreditlerge mu’mkinshiliklerdin’ bolmawi’ na’tiyjesinde, wol kelisimde qatnasi’w usi’ni’si’ menen lizing kompaniyasi’na yaki tikkeley lizing sha’rtnamasi’n du’ziw maqsetinde lizing wob’ektin wo’ndiriwshige mu’ra’jet etedi. Buni’n’ ushi’n tiykarg’i’ qural wo’ndiriwshi joqari’ rentabelli, iri zavodlar jumi’si’nda lizing xi’zmeti bo’limlerin de sho’lkemlestiriw maqsetke muwapi’q. Bunnan ti’sqari’ «1998-2000 ji’llardag’i’ da’wirde awi’l xojali’g’i’nda ekonomikali’q reformalardi’ teren’lestiriw» da’stu’ri boyi’nsha awi’l xojali’q mashinalari’ ha’m mexanizmlerin islep shi’g’ari’p ati’rg’an zavodlardi’ won’law ha’m xi’zmet ko’rsetiwdi ja’nede rawajlandi’ri’w maqsetinde: 14 tu’rdegi texnika, xi’zmet ko’rsetiw ushi’n 140 qospa ka’rxana; 2007 ji’lg’a shekem servis

woraylari’nda import texnikalari’na 22 shet el firmalari’ni’n’ texnkiali’q servis xi’zmetin ko’rsetiw, 2006-2008 ji’llarda 48 sawda-servis woraylari’ ha’m derlik shaqapshalari’n du’ziw ko’zde tuti’lg’an. Usi’ struktura ha’m da’stu’r u’yrenip shi’g’i’lg’an halda, ma’mleketimiz awi’l xojali’q ka’rxanalari’ni’n’ wo’ndiris ta’jiriybelerinen kelip shi’g’i’p ha’mde Respublika Awi’l ha’m suw xojali’g’i’ Ministrliginin’ mag’li’wmatlari’na qaray ag’i’mdag’i’ ji’lda ja’mi 21,2 mlrd.sumli’q tu’rli tu’rdegi awi’l xojali’q texnikali’q qurallari’ sati’p ali’ni’wi’ talap etiledi. Soni’n’ 20% in, yag’ni’y 4,32 mlrd. sumli’q quni’na ten’ bolg’an texnikani’ xojali’qlarg’a lizing tiykari’nda beriwdi esapqa alg’an halda, wori’nlarda materialli’q-texnikali’q ta’miynat penen shug’i’llanatug’i’n, respublika rayonlari’ni’n’ mexanizatsiyalaw regionlari’ boyi’nsha bo’listiriliwi boyi’nsha u’sh region O’zbekistan Respublikasi’ Ministrler Kabinetinin’ 30 woktyabr’ 1999 ji’ldag’i’ «O’zqishloqxwjalikmashlizing» «aktsionerlik kompaniyasi’n du’ziw haqqi’nda»g’i’ qarari’na tyikarlani’p «O’zqishloqxwjalikmashlizing» ALK nin’ wa’layatlardag’i’ 26 bo’limleri arqali’ (2-kestege qaran’) awi’l xojali’q mashinalari’, traktorlari’ ha’m mexanizmlerin islep shi’g’ari’p ati’rg’an «Tashkent traktor zavodi’», «O’zqishxwjmash», «Toshqishxwjmash» ha’m «Chirchiqqishxwjmash» zavodlari’nan za’ru’r texnikalardi’ sha’rtnama tiykari’nda sati’p aldi’. wolardi’n’ lizing sha’rtnamasi’ menen isleytug’i’n lizing xi’zmeti woraylari’ni’n’ is ta’jiriybesi joqari’, klientleri menen ten’ arali’qtag’i’ rayon MTP qasi’nda maqsetke muwapi’q. 1998-2000 ji’llardag’i’ da’wirde awi’l xojali’g’i’ndag’i’ reformalardi’ teren’lestiriw da’stu’rinin’ 3-qosi’mshasi’nda keltirilgen O’zbekistan Respublikasi’ ASK ushi’n 2008-2010 ji’llarda awi’l xojali’q texnikalari’n islep shi’g’aratug’i’n wo’nimlerin xojali’qlarg’a qosi’msha qa’rejetlersiz jetkeriw ha’m soni’n’ menen materialli’q-texnikali’q ta’miynatti’ qarji’ menen ta’miyinlew mashqalasi’ ha’m wo’ndiriwshilerdin’ tovar wo’niminin’ turi’p qali’wi’ni’n’ aldi’ ali’nadi’, sati’w ko’lemin ken’eytiwge muwapi’q boladi’, qosi’msha jumi’s wori’nlari’n ashi’w ha’m en’ tyikarg’i’si’ xojali’qlardi’n’ wo’z texnika parklerin jan’alap ali’w mu’mkinshiligine iye boladi’.

**Keste 2**

**Aymaqlar boyi'nsha lizing woraylari'ni'n' sho'lkemlestiriliw sani'**

| Wa'layatlar | Birinshi region | Ekinshi region | U'shinshi region |
|---|---|---|---|
| Respublika boyi'nsha | 8 | 9 | 9 |
| Qaraqalpaqstan Respublikasi' | | | 1 |
| Wa'layatlar | | | |
| Andijan | 1 | 1 | 1 |
| Buxara | | | 1 |
| Jizzaq | 1 | 1 | 1 |
| Qashqada'r'ya | 1 | 1 | 1 |
| Nawayi' | | 1 | 1 |
| Samarqand | 1 | 1 | 1 |
| Surxanda'r'ya | 1 | 1 | 1 |
| Si'rda'r'ya | 1 | | 1 |
| Tashkent | 1 | 1 | |
| Ferg'ana | 1 | 1 | |
| Xorezm | | | 1 |

Solay etip, ha'tte u'skeneni sati'p ali'w waqti'nda qanday da bir sebepler menen lizingti qa'lemegen, woni'n' mu'mkinshiliklerin biliwi mu'mkin bolmag'an yamasa bilmegen kompaniyalar u'skene sati'p alg'annan keyin woni'n' barli'q arti'qmashi'li'qlari'nan (tezletilgen amortizatsiyani', lizing to'lemlerin wo'zine tu'ser bahasi'na kirgiziwdi ha'm t.b. qosa alg'anda) paydalani'w mu'mkinshiligine iye boladi'. Lizingtin' bul sxemasi' ko'binese finans ijarasi' sha'rtnamasi' ushi'n na'zerde tuti'lg'an sali'q jen'illiklerin ali'w maqsetinde paydalani'ladi'.

# II-BAP. EKONOMIKANI’ DIYVERSIFIKATSIYALAWDA AGROSANAAT KA’RXANALARI’N NA’TIYJELI BASQARI’WDI’ LIZING XI’ZMETLERI TIYKARI’NDA ZAMANAGO’Y TEXNIKA MENEN JETILISTIRIW PERSPEKTIVALARI’

## 2.1. Ma’mleketimiz fermer xojali’qlari’n modernizatsiyalawda a’melge asi’ri’li’p ati’rg’an is-ilajlar analizi

Keyingi ji’llarda ma’mleketimiz ekonomikasi’ni’n’ real tarmaqlari’nda islep shi’g’ari’wdi’ modernizatsiya qi’li’w, texnikali’q ha’m texnologiyali’q jan’alaw ilajlari’na ayri’qsha itibar qarati’lmaqta. Atap aytqanda, agrar islep shi’g’ari’wdi’ modernizatsiya qi’li’w ha’m jan’a basqi’shqa ko’teriw ma’seleleri bu’gingi ku’nnin’ a’hmiyetli wazi’ypalari’nan birine aylanbaqta. Usi’ mu’na’sibet penen hu’rmetli Prezidentimiz ta’repinen sharwashi’li’q, g’a’lleshilik, kartoshkashi’li’q kibi tarawlarda aldi’ng’i’ ma’mleketler ta’jiriybesin u’yreniw ha’m a’melde qollani’w, bizin’ ta’biyat sharayati’mi’zda ju’da’ za’ru’r a’hmiyetke iye bolg’an zamanago’y suwg’ari’w sistemalari’, energiyani’ u’nemleytug’i’n zamanago’y texnologiya ha’m agrotexnologiyalardi’ u’yreniw, tuqi’mgershilik-selektsiya islerin ja’ne de jetilistiriw ha’m awi’l xojali’g’i’ islep shi’g’ari’wi’ni’n’ wo’nimdarli’g’i’n asi’ri’w boyi’nsha ani’q ilajlar kompleksin islep shi’g’i’w wazi’ypasi’ qoyi’lg’an edi.

Hu’rmetli Prezidentimiz İ. Karimov ayti’p wo’tkenindey tilekke qarsi’, biz modernizatsiya degende, ko’binese sanaat tarmaqlari’n modernizatsiya qi’li’wdi’ tu’siniwge u’yrenip qalg’anbi’z. Sanaat penen bir qatarda ekonomikami’zdi’n’ awi’l xojali’g’i’ si’yaqli’ jetekshi tarawi’n da modernizatsiya qi’li’w, woni’n’ qurami’na kiretug’i’n derlik ha’mme tarmaq ha’m islep shi’g’ari’w tarawlari’ni’n’ pu’tin kompleksinde texnikali’q ha’m texnologiyali’q jan’alaw islerin a’melge asi’ri’wg’a u’lken talap sezilmekte» Ma’mleketimizde awi’l xojali’g’i’n modernizatsiya qi’li’w arqali’ tarmaqti’ rawajlandi’ri’wdi’n’ na’tiyjeli bag’darlari’

O’zbekistan Respublikasi’ Prezidenti ta’repinen islep shi’g’i’lg’an “Demokratiyali’q reformalardi’ ja’ne de teren’lestiriw ha’m puxarali’q ja’miyetti rawajlandi’ri’w kontseptsiyasi’” nda bayan etilgen. Usi’ kontseptsiyada belgilep berilgen a’hmiyetli wazi’ypalar tiykari’nda O’zbekistan Respublikasi’ Awi’l ha’m suw xojali’g’i’ ministrligi ta’repinen islep shi’g’i’lg’an da’stu’rde 2011-2015-ji’llar dawami’nda:

- awi’l xojali’g’i’ wo’nimlerin islep shi’g’ari’w ko’lemin 1,3 ma’rte asi’ri’w, woni’n’ ma’mleket jalpi’ ishki wo’nimindegi u’lesin 17,5 payi’zdan 13,5 payi’zg’a pa’seyttiriw;
- awi’l xojali’g’i’nda aldi’ng’i’ agrotexnologiyalar, resurslardi’ tejeytug’i’n usi’llardi’ ja’riyalaw, selektsiya ha’m tuqi’mgershilik sistemasi’n rawajlandi’ri’w esabi’nan eginler wo’nimdarli’g’i’n asi’ri’wg’a erisildi. Bunda mineral to’ginlerden paydalani’w wo’nimdarli’g’i’n 15 payi’zg’a asi’ri’w, suwdi’n’ sari’plani’wi’n 12 payi’zg’a kemeytiw;
- miywe- wovosh’ wo’nimlerin tayarlawdi’ 1,5 esesge, kartoshka jetistiriwdi 1,4 esege, pali’z ha’m ju’zimdi 1,3 barabar ko’beytiw;
- sharwashi’li’qti’ na’silshilik jumi’slari’n jetilistiriw, azi’qli’q bazasi’n bekkemlew, zamanago’y texnologiyalar ha’m modernizatsiya na’tiyjesinde na’silshilik xojali’qlari’ sani’n 2,5 barabardan, azi’qli’q eginleri maydani’n 1,3 esege asi’ri’w;
- zooveterinariya punktlerin zamanago’y u’skenelew, xi’zmetler si’pati’n asi’ri’w esabi’nan sharwa mallari’ sani’n 1,3 barabar, go’sh ha’m su’t wo’nimlerin islep shi’g’ari’w ko’lemin 1,3 ma’rte asi’ri’w;
- qusshi’li’q ha’m bali’qshi’li’q tarmaqlari’ni’n’ rawajlani’wi’na ayri’qsha a’hmiyet qarati’p, quslar sani’n 1,8 ma’rte asi’ri’p, 670 bali’qshi’li’q xojali’g’i’n sho’lkemlestiriw;
- awi’l xojali’g’i’ wo’nimlerin saqlaw quwati’n ha’m qayta islew ko’lemin ken’eytiw ilajlari’ ko’leminde awi’llarda zamanago’y minitexnologiyalar

negizinde qayta islew ka’rxanalari’n iske tu’siriw arqali’ miywe-ovosh’ konservalari’n islep shi’g’ari’wdi’ 1,7 barabar, go’sh konservalari’n 2,2 barabar, kolbasa wo’nimlerin 1,8 barabar, su’t wo’nimlerin 1,9 barabar asi’ri’w;

- suwg’ari’latug’i’n jerlerdin’ meliorativ jag’dayi’n jaqsi’law jamg’armasi’ qarji’lari’ esabi’nan meliorativ quri’li’slari’n quri’w, rekonstruktsiya qi’li’w ha’m remontlaw, tamshi’lati’p suwg’ari’w sistemasi’n jolg’a qoyi’w ha’m melioratsiya texnikalari’n sati’p ali’w boyi’nsha shama menen 500 million dollarg’a ten’ bolg’an proektler esabi’nan 1,4 million gektar jer maydani’ni’n’ meliorativ jag’dayi’n jaqsi’law;
- awi’l xojali’g’i’ texnikasi’ parklerin ken’eytiw, wolardi’ si’pati’ ta’repinen jan’alaw, fermerlerdi sapali’ awi’l xojali’q texnikalari’ menen ta’miynlew, xi’zmet sapasi’n jaqsi’law si’yaqli’ strategiyali’q a’hmiyetke iye bolg’an za’ru’r wazi’ypalar belgilengen.

Respublikami’zda azi’q-awqat wo’nimlerin islep shi’g’ari’wdi’ ken’eytiw ha’m agrar islep shi’g’ari’wdi’ modernizatsiya qi’li’w boyi’nsha ja’mi 575 gektar jer maydanlari’nda intensiv bag’lar egildi. Bul bag’larda joqari’ wo’zgeshelikke iye ha’m hasi’ldar bolg’an miywe na’lleri egilmekte. Bunday bag’lardi’n’ jarati’li’wi’ ma’mleketimiz xalqi’n si’patli’ miywe wo’nimleri menen turaqli’ ta’miynlew imkaniyati’n jaratti’. Bir g’ana 2013-ji’ldi’n’ gu’zi ha’m 2014-ji’ldi’n’ ba’ha’rinde ja’mi 7661 gektar maydanda jan’a miyweli bag’lar, sonnan 2110 gektar jer maydanda intensiv bag’lar jarati’ldi’, 8518,8 gektar maydandag’i’ bag’lardi’ qayta egiw rekonstruktsiya qi’li’w belgilengen.

Ma’mleketimiz xalqi’n miywe ha’m pali’z wo’nimleri menen ji’l dawami’nda birdey mug’darda ta’miynlep bari’w ushi’n ken’ tarmaqli’ suwi’ti’w kameralari’na iye bolg’an skladlar sistemasi’n jarati’w za’ru’r a’hmiyetke iye. O’zbekistan Respublikasi’ Ministrler Ken’esinin’ 2011-ji’l 7-aprel’degi 105-sanli’ Qarari’na muwapi’q, xali’q ha’m si’rtqi’ bazarlarg’a ji’l dawami’nda u’ziliksiz miywe-pali’z wo’nimlerin taza halda jetkerip beriw maqsetinde 2011-2015-ji’llarda 120,8 mi’n’ tonna si’yi’mli’qqa iye jan’a suwi’ti’w kameralari’n quri’w ha’m 49,1 mi’n’ tonna

si’yi’mli’qqa iye bar bolg’an suwi’ti’w kameralari’n modernizatsiya qi’li’w ko’zde tuti’lg’an.

Awi’l xojali’g’i’nda eginler wo’nimdarli’g’i’n u’ziliksiz jetilistiriw wazi’ypasi’ birinshi na’wbette suwg’ari’latug’i’n jerlerdin’ wo’nimdarli’g’i’na ha’m irrigatsiya-melioratsiya jag’dayi’na baylani’sli’. İlimiy izertlew islerinin’ na’tiyjeleri boyi’nsha, wortasha shorlang’an jerlerde eginlerdin’ wo’nimdarli’g’i’ shorlanbag’an jerlerge sali’sti’rg’anda 50-60 payi’zg’a, ju’da’ shorlang’an jerlerde bolsa 90-100 payi’zg’a pa’s boli’wi’ ani’qlang’an.

O’tken ji’llar dawami’nda suwg’ari’latug’i’n jerlerdin’ meliorativ jag’dayi’n jaqsi’law ilajlari’ hu’kimetimizdin’ ba’rqulla itibari’nda boli’p keldi. O’zbekistan Respublikasi’ Prezidentinin’ 2007-ji’l 29-oktyabr’degi «Jerlerdin’ meliorativ jag’dayi’n jaqsi’lawdi’n’ sistemasi’n tu’pten jetilistiriw ilajlari’ haqqi’nda»g’i’ PF-3932-sanli’ Pa’rmani’na muwapi’q, suwg’ari’latug’i’n jerlerdin’ meliorativ jag’dayi’n 2008-2012-ji’llarda jaqsi’law boyi’nsha ilajlar da’stu’ri islep shi’g’i’ldi’. Da’stu’rde meliorativ sistemalardi’ rawajlandi’ri’w ha’m jetilistiriw xa’m de jerlerdin’ meliorativ jag’dayi’n jaqsi’lawg’a bag’darlang’an to’mendegi ilajlar ji’yi’ndi’si’n a’melge asi’ri’w mo’lsherlengen:

1. Magistral’ ha’m xojali’qlar arali’q trubalar, meliorativ tik qudi’qlardi’, meliorativ nasos stantsiyalari’n quri’w ha’m qayta tiklew, jabi’q-jati’q drenajlardi’ tiklew.

2. Meliorativ nasos stantsiyalari’n, gidrotexnika ha’m suw wo’tkeriwshi quri’lmalardi’ ha’m basqa meliorativ wob’ektlerdi remontlaw-tiklew islerin a’melge asi’ri’w.

3. Suw xojali’g’i’ quri’li’si’ ha’m suwdan paydalani’w sho’lkemlerinin’ texnikali’q bazasi’n bekkemlew.

**Keste-6**

**Ma’mleketimiz boyi’nsha meliorativ ilajlarg’a aji’rati’lg’an qarji’lar, milliard sumda**

| İlajlar ati’ | Ja’mi 2011-2014-ji’llarda | Ji’llar ko’leminde: | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | 2011-j. | 2012-j. | 2013-j. | 2014-j. |
| Meliorativ wob’ektlerdi rekonstruktsiya qi’li’w ha’m quri’w islerine | 225,1 | 22,4 | 57,3 | 63,8 | 81,6 |
| Meliorativ wob’ektlerdi remontlaw ha’m tiklew islerine | 222,9 | 38,6 | 48,1 | 59,2 | 77,0 |
| Lizing tiykari’nda meliorativ texnikalar jetkerip beriwge | 101,9 | 29,3 | 25,4 | 27,2 | 20,0 |
| Ja’mi | 550,0 | 90,3 | 130,8 | 150,2 | 178,6 |

Suwg’ari’li’tug’i’n jerlerdin’ meliorativ jag’dayi’n jaqsi’lawg’a qarati’lg’an irrigatsiya-melioratsiya ilajlari’n qarji’landi’ri’wg’a ma’mleket byudjetinen qarji’lar aji’rati’w isleri dawam ettirilmekte. Atap aytqanda, 2008-ji’lg’a bul maqsetler ushi’n ja’mi 90,3 milliard sum aji’rati’lg’an bolsa, 2014-ji’lg’a kelip bul ko’rsetkish 178,6 milliard sumg’a jetti. wo’tken 2008-2014-ji’llarda ja’mi aji’rati’lg’an qarji’lar mug’dari’ 550,0 milliard sumdi’ quradi’. 2014-ji’lda u’lken investitsiya joybarlari’n a’melge asi’ri’ldi’, islep shi’g’ari’w ha’m kommunikatsiya wob’ektleri, awi’l xojali’g’i’ ha’m de meliorativ quri’li’sti’ rawajlandi’ri’w menen bir qatarda sotsialli’q tarawdi’ jan’a basqi’shqa ko’teriw ma’seleleri hu’kimetimizdin’ di’qqat worayi’nda boldi’. Ha’zirgi ku’nde suwg’ari’li’tug’i’n jerlerdin’ suw menen ta’miynleniwi ha’m meliorativ jag’dayi’n jaqsi’law boyi’nsha mug’dari’ 561 million AQSh dollari’na ten’ bolg’an shet el investitsiyalari’ qatnasi’ndag’i’ 11 proekt a’melge asi’ri’lmaqta. Sonnan 2013-

ji’lda mug’dari’ 62,25 million AQSh dollari’ bolg’an 9, 2014-ji’lda bolsa mug’dari’ 112,9 million AQSh dollari’na ten’ bolg’an 11 investitsiyali’q proekt tiykari’nda jerlerdin’ suw menen ta’miynleniwi ha’m meliorativ jag’dayi’n jaqsi’law boyi’nsha kompleks ilajlar a’melge asi’ri’ldi’. A’melge asi’ri’lg’an ken’ ko’lemli isler na’tiyjesinde 2009-2014-ji’llar dawami’nda shorlanbag’an maydanlar ko’lemi 2 109 mi’n’ gektardan 2 192 mi’n’ gektarg’a ken’eyip, ku’shli shorlang’an maydanlar ko’lemi 163 mi’n’ gektardan 126 mi’n’ gektarg’a qi’sqardi’. Jer asti’ suwlari’ qa’ddinin’ teren’ligi 1,5 metrge shekem bolg’an maydanlar ko’lemi 2001-2014-ji’llar dawami’nda 272 mi’n’ gektardan 177 mi’n’ gektarg’a qi’sqardi’.

Suwg’ari’li’tug’i’n jerlerden paydalani’w wo’nimdarli’g’i’n asi’ri’wda awi’l xojali’g’i’ eginlerin suwg’ari’wdi’n’ aldi’ng’i’, zamanago’y usi’llari’n usi’ni’wdi’n’ a’hmiyeti u’lken. Sebebi, respublikami’zdag’i’ suw jetispewshiligi sharayati’nda suwg’ari’wdi’n’ zamanago’y usi’llari’n qollani’w arqali’ g’ana xali’qti’n’ awi’l xojali’g’i’ wo’nimlerine wo’sip barati’rg’an talabi’n qandi’ri’w mumkin. Keyingi ji’llarda ma’mleketimizdin’ bir qatar aymaqlari’nda eginlerdi suwg’ari’wdi’n’ jan’a texnologiyalari’ si’nawdan wo’tpekte ha’m qollani’wg’a usi’ni’s etilmekte. Bir g’ana 2013-ji’ldi’n’ wo’zinde 1571 gektar jerge tamshi’lati’p suwg’ari’w texnologiyasi’, 543 gektar ati’zg’a polietilen plyonka to’sep suwg’ari’w sistemasi’, 753 gektarg’a ko’shpeli ha’m iyiliwshen’ trubalar arqali’ suwg’ari’w sistemasi’ engizilgeni di’qqatqa i’layi’q.

Juwmaqlap aytqanda, suwg’ari’latug’i’n jerlerdin’ meliorativ jag’dayi’n jaqsi’law boyi’nsha ali’p bari’lg’an jumi’slar na’tiyjesinde:

- suwg’ari’latug’i’n jerlerde jer asti’ suwlari’ qa’ddi ha’m shorlani’w da’rejesi pa’seyip, egin maydanlari’ni’n’ meliorativ jag’dayi’ jaqsi’lanbaqta;
- xojali’qlardi’ suw menen ta’miyinlew sistemasi’ jaqsi’lani’p barmaqta;
- awi’l xojali’g’i’ eginlerinin’ wo’nimdarli’g’i’ arti’p, xojali’qlardi’n’ da’ramatlari’ wo’spekte.

Soni’n’ na’tiyjede jerlerdin’ wo’nimdarli’g’i’, paxta, g’a’lle ha’m basqa awi’l xojali’g’i’ eginleri wo’nimdarli’g’i’ sezilerli da’rejede aspaqta.

Awi’l xojali’g’i’n modernizatsiyalawda tarmaqti’ joqari’ wo’nimli texnika ha’m texnologiyalar menen ta’miyinlewdin’ a’hmiyeti ulli’. Su’rim traktorlari’ni’n’ 55 protsentten arti’g’i’ ha’m jer aydaytug’i’n traktorlardi’n’ 46 protsenti 15 ji’ldan arti’q waqi’t dawami’nda jumsali’p ati’rg’ani’, basqasha aytqanda, wolar belgilengen paydalani’w mu’ddetin a’lleqashan wo’tep bolg’ani’, quwati’, jumi’s wo’nimi ha’m jani’lg’i’ jumsaw boyi’nsha zamanago’y standartlarg’a juwap bermeytug’i’n eski texnikalar ekeni ta’shwishke salmastan qalmaydi’.

Keyingi ji’llarda awi’l xojali’g’i’nda paydalani’p kiyati’rg’an aydaw ha’m su’rim traktorlari’ ha’m de awi’l xojali’g’i’ mashinalari’ni’n’ u’lken bo’legi go’nerip, wo’z xi’zmet mu’ddetin wo’tep bolg’ani’ si’r emes. Sonday-aq, bunday texnikalardi’n’ jumi’s wo’nimi, jani’lg’i’ sari’plaw normalari’ zamanago’y talaplarg’a juwap bermewi aqi’betinde awi’l xojali’g’i’ wo’nimlerinin’ islep shi’g’ari’w ta’n ni’rqi’ asi’p ketpekte. Sol mu’na’sibet penen awi’l xojali’g’i’na joqari’ wo’nimli, zamanago’y ha’m resurslardi’ tejeytug’i’n texnikalardi’ engiziw, bul boyi’nsha en’ da’slep shet eldin’ aldi’n’g’i’ kompaniyalari’ menen birge islesiwdi bekkemlew talap etiledi. Atap aytqanda, Germaniyani’n’ «Klass» kompaniyasi’ menen zamanago’y, jumi’s wo’nimi joqari’ bolg’an traktorlar, g’a’lle wori’w kombaynlari ha’m basqa awi’l xojali’g’i’ texnikasi’n islep shi’g’ari’w boyi’nsha birge islesiwdi ja’ne de ken’eytiwge ayri’qsha itibar berilmekte.

**Keste-7**

**2009-2014 ji’llarda ma’mleketimiz boyi’nsha jan’a sati’p ali’ng’an awi’l xojali’g’i’ texnikalari’**

| Texnikalardi’n’ ati’ | 2009-ji’l | 2010-ji’l | 2011-ji’l | 2012-ji’l | 2013-ji’l | 2014-ji’l | 2009-2014-ji’llar dawami’nda ja’mi |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Traktorlar, ja’mi | 2211 | 1652 | 2231 | 3007 | 2671 | 2124 | 13896 |
| Aydaw traktorlari’ | 634 | 164 | 454 | 191 | 378 | 546 | 2367 |
| s.i. joqari’ wo’nimli | 2 | 6 | 6 | 36 | 83 | 297 | 430 |
| Su’rim traktorlari’ | 1182 | 1293 | 1174 | 1697 | 1359 | 1098 | 7803 |
| Traktor tirkemeleri | 368 | 250 | 348 | 1421 | 691 | 882 | 3960 |
| Kul’tivatorlar | 503 | 279 | 440 | 1433 | 633 | 315 | 3603 |
| Shigit seyalkalari’ | 352 | 178 | 237 | 215 | 320 | 552 | 1854 |
| Pluglar | 130 | 90 | 117 | 244 | 67 | 153 | 801 |
| Da’n wori’w kombaynlari’: | 116 | 93 | 332 | 123 | 167 | 245 | 1076 |
| s.i. joqari’ wo’nimli | 55 | 52 | 86 | 110 | 167 | 245 | 715 |

Awi’l xojali’g’i’ texnikalari’n jan’alaw boyi’nsha ali’p bari’li’p ati’rg’an maqsetli ilajlar na’tiyjesinde keyingi 6 ji’l ishinde ja’mi 13896 traktor, 3960 traktor tirkemesi, 3603 kul’tivator, 1076 da’n wori’w kombayni’ ha’m basqa joqari’ wo’nimli texnikalar sati’p ali’ng’an.

Awi’l xojali’g’i’n modernizatsiyalaw bag’darlamasi’nda diyqanshi’li’q penen bir qatarda sharwashi’li’q tarmag’i’n modernizatsiyalawg’a da wo’z aldi’na di’qqat qarati’lmaqta. Si’r emes, respublikami’zdi’n’ sharwashi’li’q tarmag’i’ jedel rawajlani’p barati’rg’an tarmaqlardan biri boli’wi’na qaramay, tarawda wo’z sheshimin ku’tip ati’rg’an ayi’ri’m mashqalalar da bar. Atap aytqanda, sharwa mallari’ni’n’ wo’nimdar ha’m keselliklerge shi’damli’ parodalari’ni’n’ jetispewshiligi, sharwashi’li’qti’n’ bekkem azi’qli’q bazasi’n jarati’w boyi’nsha mashqalalar usi’g’an kiredi.

Respublikami'z hu'kimetinin' sharwashi'li'q tarmag'i'n kompleks rawajlandi'ri'w bag'darlamalari'nda tiykarg'i' itibar sharwa mallari'ni'n' na'silin jaqsi'law, wo'nimdarli'g'i'n asi'ri'w, tarmaqta servis xi'zmetin rawajlandi'ri'w ha'm sharwashi'li'qti'n' azi'qli'q bazasi'n bekkemlewge qarati'lg'an. Buni'n' ushi'n:

- sharwashi'li'q tarmag'i'ni'n' materialli'q-texnikali'q bazasi'n bekkemlew;

- na'silshilik-selektsiya jumi'slari'n tu'p-tami'ri'nan jaqsi'law;

- tarmaqta servis xi'zmeti, atap aytqanda, zooveterinariya xi'zmetlerin ko'rsetiw sapasi'n ha'm assortimentin asi'ri'w;

- qusshi'li'q, bali'qshi'li'q, pal ha'rreshiligi ha'm pilleshilik tarawlari'n rawajlandi'ri'w;

- sharwa mallari'n juqpali' keselliklerden qorg'aw sistemasi'n ja'ne de jetilistiriw;

- azi'qli'q eginler maydanlari'n ken'eytiw ha'm woptimal jaylasti'ri'w, suwg'ari'lmaytug'i'n jerlerde sharwa mallari' ushi'n azi'qli'q jetistiriw ko'lemin ken'eytiw ilajlari' a'melge asi'ri'lmaqta.

Awi'l xojali'g'i'nda finans-kredit, sali'q ha'm qamsi'zlandi'ri'w sistemasi'n jetilistiriw:

❖ ma'mleket ma'pleri ushi'n paxta shiyki zati' ha'm g'a'lle jetistiriwdi tiykari'nan jen'illikli kreditlew arqali' qarji'landi'ri'p bari'w sistemasi'n jetilistiriw;

❖ paxta ha'm g'a'lleden basqa awi'l xojali'q wo'nimlerin jetistiriwshilerdi kreditlew mexanizmin jetilistiriw;

❖ awi'l xojali'g'i' ushi'n texnika, awi'si'q bo'lekler, na'silli sharwa mallari', tuqi'mlar ha'm na'ller, zamanago'y texnologiya ha'm u'skeneler, da'ri-da'rmaq, ximiyali'q preparatlardi' import qi'li'wda sali'q ha'm baji'xana jen'illikleri sistemasi'n ja'ne de ken'eytiw;

❖ awi'lli'q jerlerge kishi sanaatti' engiziwde sali'q jen'illikleri ha'm finansli'q qollap-quwatlaw ilajlari'n a'melge asi'ri'w;

❖ jergilikli islep shi’g’ari’wshi’lardi’ ekonomikali’q qollap-quwatlaw maqsetinde protektsionizm siyasati’n barli’q waqi’tta a’melge asi’ri’w;

❖ o’nimdarli’g’i’ to’men bolg’an, sonday-aq, nasoslar menen suwg’ari’latug’i’n maydanlarda ma’mleket za’ru’rligi ushi’n paxta ha’m g’a’lle jetistiriwshi fermer xojali’qlari’n ma’mleket ta’repinen qollap-quwatlaw mexanizmin jetilistirip bari’w.

Agrotexnika pa’nin rawajlandi’ri’w ha’m ilim-pa’n jetiskenliklerin islep shi’g’ari’wg’a engiziw. Bul tarawda:

❖ a’tirap-ortali’qqa zi’yan keltirmeytug’i’n texnika ha’m texnologiya ha’m de shiyki zat resurslari’n qayta islewde jan’a usi’llar islep shi’g’i’w ha’m barlari’n jetilistiriw;

❖ paxtashi’li’q ha’m basqa awi’l xojali’g’i’ eginlerinin’ na’tiyjeli sortlari’ elita tuqi’mshi’li’g’i’n sho’lkemlestiriw sistemasi’n jetilistiriw;

❖ awi’l xojali’g’i’ni’n’ a’meliy mashqalalari’n sheshiwde innovatsiyali’q proektlerden ken’ paydalani’w ha’m bunda innovatsiyali’q proektlerdi qarji’landi’ri’wdi’n’ bank arqali’ kreditlew sistemasi’n engiziw;

❖ awi’l xojali’g’i’nda genetika qa’nigeligi boyi’nsha toplang’an ja’ha’n ta’jiriybesinen ken’ paydalang’an halda milliy sistemani’ jarati’w;

❖ ekologiyali’q taza awi’l xojali’g’i’ wo’nimlerin jarati’w u’stinde ken’ wo’lshemli jumi’slar ali’p bari’w;

❖ shet elden keltirilgen na’silli tuqi’mlar tiykari’nda joqari’ wo’nimdar sharwa mallari’, qusshi’li’q ha’m pille qurti’ sortlari’n jarati’w.

Awi’l xojali’g’i’nda miynet resurslari’nan wo’nimli paydalani’w ha’m xali’qti’n’ da’ramatlari’n asi’ri’w.

## 2.2. Yelimizdin’ fermer xojali’qlari’ni’n’ materiali’q-texnikali’q bazasi’n bekkemlewde "Uzqishloqxu’jalikmashlizing" kompaniyasi’ni’n’ lizing xi’zmetlerinin’ a’hmiyetli bag’darlari’

Ha’zirgi waqti’tta fermer xojali’qlari’ wo’nimlerin islep shi’g’ari’wdi’ sho’lkemlestiriw na’tiyjeli jollari’n wo’mirdin’ wo’zi tasti’yi’qlap bermekte. Elimizde fermer xojali’qlari’n materialli’q texnikali’q ta’miyinlew ha’m qa’rji’landi’ri’w boyi’nsha bazar ekonomikasi’ printsplerine toli’q juwap beretug’i’n struktura mexanizmler tabi’sli’ hareket etpekte.

Ha’r ji’li’ fermer xojali’qlari’n qollap quwatlaw ushi’n u’lken mug’darda materialli’q resurs ha’m qa’rji’lar aji’rati’lmaqta. Awi’l xojali’g’i’ texnikalari’ni’n’ ko’pshiligi jumi’slardi’n’ ma’wsimlik bolg’ani’ ushi’n ji’l dawami’nda qi’sqa waqi’tti’n’ 10-15% mug’dari’nan paydalani’ladi’. Respublikami’z awi’l xojali’g’i’nda strukturasi’ jag’i’nan quramali’ bolg’an joqari’ zamanago’y texnikalar ken’nen qollani’lmaqta. Bul texnikalardi’ u’zliksiz jumi’s penen ta’miyinlew ushi’n MMTPda wo’z waqti’nda ha’r qi’yli’ texnologiyali’q protseslerdi basqari’wdi’, texnikali’q, servis xi’zmetlerin ko’rsetiwdi, talap etedi. O’zbekistan Respublikası sırtqı ekonomikalıq jumıs Milliy banki o’zinin’ sheriklesleri, sırt ellerdin’ jetekshi bankleri ha’m eksportlıq-qamsızlandırıw agentlikleri menen birlikte birqansha usı operatsiyalardı qarjılandırıwdı islep shıg’ıwg’a ha’m a’melge asırıwg’a eristi.Onın’ tek lizing bo’leginin’ o’zi 350 million AQSh dollarınan asıp ketti. Sonday-aq joqarıda ko’rsetilgen kelisimlerdin’ ha’r biri boyınsha Hukimettin’ ayırım qararları qabıl etilgenin, olarg’a muwapıq O’zbekistan ta’repinen kelisimlerdin’ qatnasıwshılarına, olardı a’melge asırıw ushın belgili da’rejede salıq, bajıxana jen’illikleri ha’m basqa da jen’illiklerdin’ berilgenin atap ko’rsetiw mu’mkin.

Lizing kompaniyalarının’ («Uzqishloqxwjalikmashlizing» kompaniyası Qaraqalpaqstan respublikası filialınan basqa) kelisimlerinin’ aqshalay ko’rinisinde en’ ko’p ko’lemi o’ndirislik u’skeneleri lizingine (58%), avtotransportqa (12%) ha’m sho’lkemlestiriw texnikasına (2%) tuwra keledi. Banklerden ayırması, lizing

kompaniyalarının’ ko’pshiligi (duzilip atırg’an jan’a jeke kompaniyalardın’ a’ste-aqırınlıq penen bul jag’daydı o’zgertpekte, al bul kompaniyalar arasında ba’sekilesliktin’ kwsheyiwine alıp keledi,) bazardın’ o’z-ara kesispeytug’ın sigmentlerinde ha’reket etpekte.

2014 ji’lda «O’zqishloqxwjalikmashlizing» kompaniyasi’ni’n’ Qaraqalpaqstan bo’limi ta’repinen lizing arqali’ 298 dana awi’l xojali’q texnikalari’, sonnan: 70 traktor, 14 kultivator, 11 plug,102 seyalka va 101 basqa texnikalar ali’p kelingen.

Respublikag’a mineral to’ginler ha’m yadoximikatlar QR «Qishloq xwjalikkimyo» AAJ-nin’ ka’rxanalari’ ta’repinen jetkizip beriledi. 2014 ji’ldi’n’ 1 yanvari’na awi’l xojali’q ka’ranalari’ ha’m fermer xojali’qlari’ mineral to’ginler ji’lli’q fondi’na sali’sti’rg’anda 127,0 protsentke ta’miyinlengen.

Bu’gingi ku’ni, onın’ lizing operatsiyaları joqarıda atap o’tilgen O’zbekistan Respublikası sırtqı ekonomikalıq iskerlik Milliy bankinen tısqarı finans lizingi operatsiyaların tag’ı da 8 kommertsiyalıq bankler a’melge asıradı.Olardın’ xızmetleri o’zine ta’n bir qatar o’zgesheliklerge iye. Birinshi gezekte derlik barlıq bankler o’zleri ushın lizing joybarların ku’ta’ to’men rentabel’lik penen iske asıradı. Bul elimizde orta mu’ddetli ha’m uzaq mu’ddetli kreditlew ushın salıq jen’illikleri menen baylanıslı bolıp tabıladı. Olar lizing operatsiyalarına qollanılmaydı. Lizing kompaniyalarına qarag’anda u’lken resurslıq bazag’a ha’m o’zlerinin’ da’ramatların basqa operatsiyalardın’ esabınan diversifikatsiyalaw mu’mkinshiligine iye bolg’an kommertsiyalıq bankler o’z qarıydarlarının’ lizing joybarların kreditlew stavkaları boyınsha qarjılandıradı,tiyisliginshe,olardın’ paydası lizing to’lemlerinen o’ndiriletug’ın qosımsha qun salıg’ı esabınan azayadı.Olar O’zbekistannın’ bank sektorındag’ı ku’shli ba’sekileslik sha’rayatlarında ko’rsetiletug’ın xızmetlerdin’ spektr esabınan o’zinin’ qarıydarlarının’ bazasın saqlaw maqsetinde bug’an ma’jbu’riy tu’rde baradı. Tag’ı bir o’zgesheligi-joybarlardın’ onsha u’lken bolmag’an summası(barg’an chektegi summası -200 mın’ AQSh dollarınan ko’p emes), bunın’ menen bankler o’zinin’

ta’wekelshiligin azaytadı, bul olarg’a O’zbekistannın’ ayırım lizing kompaniyalarına qarag’anda,qarıydarlardan ta’miyinlew usınıwdı talap etpewine mu’mkinshilik beredi. Lizing ob’ektleri tiykarınan transport quralları ha’m awıl-xojalıq texnikası bolıp tabıladı,operatsiyalardın’ mu’ddetleri 1 jıldan 6 jıl aralıg’ında boladı.

O’zbekistannın’ kommertsiyalıq bankleri lizing joybarların tikkeley qarjılandırıp qalmastan, al sho’lkemlestiriwshiler sıpatında da, sonday-aq kreditorlar sıpatında da lizing kompaniyaların qarjılandıratug’ınlıg’ın atap ko’rsetiw kerek. Atap aytqanda,O’zR sırtqı ekonomikalıq iskerlik Milliy banki

"O’zbek lizing İnterneyshnl AJ" lizing kompaniyasının’ sho’lkemlestiriwshilerinen ha’m kreditorlarınan biri, al AİKB "İpak Yuli"-ULK "Baraka"nın’ sho’lkemlestiriwshilerinen ha’m kreditorlarınan biri bolıp tabıladı.

2002 jılg’a deyin is juzinde barlıq lizing kompaniyaları Ministirler Kabinetinin’ ayırım qararları tiykarında du’zildi, olarg’a muwapıq kompaniyalarg’a ayırım salıq jen’illikleri berildi. 2002 jıldın’ avgust ayında O’zbekistan Respublikası Prezidentinin’ "Lizing jumısın rawajlandırıwdı bunnan bılay da xoshametlew boyınsha ilajlar xaqqında"g’ı pa’rmanı shıg’arılıp, ol 2002 jıldın’ 1 sentyabr’inen baslap lizing sektorının’ rawajlanıwın kıyınlastıratug’ın salıq tosqınlıqların alıp tasladı ha’m lizingke basqa tu’rler menen, a’sirese bank kreditlewi menen birdey bolg’an salıq salıw sharayatların du’zdi. Sonday-aq elimizdin’ parlamenti ta’repinen 2002-2003 jıllarda ma’mleketimizdin’ Puqaralıq, Salıq, Xojalıq-protsessuallıq kodekslerine,"Lizing xaqqında" ha’m "Bajıxana tarifi xaqqında"g’ı nızamlarg’a 40 tan aslam du’zetiwler qabıl etildi, bul O’zbekistanda qarjılandırıwdın’ usı turin rawajlandırıwdı xoshametleytug’ın progressiv nızamshılıq ortalıg’ının’ du’zeliwine alıp keldi.

**Keste 7**

**"Uzqishloqxu'jalikmashlizing" kompaniyası Qaraqalpaqstan respublikası filialı arqalı xojalıqlar ta'repinen lizingke alg'an texnikaları ushın lizing to'lemlerden qarızdarlıq haqqında**

**M A G' L I W MA T**

| № | Rayonlar atı | Basqalar | Ximiya ka'rxanası | MMTP | Fermer xojalıg'ı ha'm Shirket xojalıg'ı | Qarakalpaq MTP | Qaraqalpaq Talası | Ja'mi |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Amudar'ya rayonı | 20 738,9 | 14 271,7 | 2 303,8 | 714 923,7 | 2 999,7 | | 755 237,9 |
| 2 | Beruniy rayonı | 9 266,6 | 58 315,6 | 7 609,2 | 849 818,7 | | 97 981,8 | 1 022 992,0 |
| 3 | Kanlıko'l rayonı | | | 44 179,2 | 88 461,7 | 3 749,7 | | 136 390,6 |
| 4 | Kegeyli rayonı | 2 705,0 | | 12 622,5 | 282 490,8 | 19 516,0 | | 317 334,3 |
| 5 | Qarao'zek rayonı | | 5 687,7 | 8 387,5 | 72 651,3 | | | 86 726,5 |
| 6 | Qon'ırat rayonı | 551,5 | | 3 885,0 | 142 809,9 | | | 147 246,4 |
| 7 | Moynaq rayonı | | | | 0,4 | | | 0,4 |
| 8 | No'kis rayonı | 204,4 | 5 846,6 | 15 691,3 | 17 077,0 | | | 38 819,3 |
| 9 | No'kis qalası | 0,0 | 185 944,4 | | 0,0 | | | 185 944,4 |
| 10 | Taxtako'pir rayonı | 0,0 | | 4 320,3 | 97 431,2 | 1 609,5 | | 103 360,9 |
| 11 | To'rtku'l rayonı | 10 955,9 | 33 688,9 | 44 358,8 | 616 244,4 | 1 876,5 | 93 838,6 | 800 963,0 |
| 12 | Xojeli rayonı | 7 151,7 | 0,0 | 8 525,4 | 158 309,1 | | | 173 986,2 |
| 13 | Shımbay rayonı | 281,5 | | 8 875,6 | 498 474,7 | 3 900,0 | | 511 531,8 |
| 14 | Shomanay rayonı | 5 376,9 | | 19 215,3 | 650 709,8 | | 46 153,9 | 721 455,9 |
| 15 | Ellikkal'a rayonı | 1 721,2 | 30 006,8 | 32 910,2 | 182 245,9 | 21 212,7 | | 268 096,9 |
| | **Jami** | **58 953,6** | **333 761,7** | **212 884,2** | **4 371 648,5** | **54 864,1** | **237 974,3** | **5 270 086,5** |

2004 jıldın’ aprelinde O’zbekistan Hu’kimeti "Lizing xızmetlerin bunnan bılay da rawajlandırıw boyınsha ilajlar haqqında" qarar qabıl etti, onın’ na’tiyjesinde lizing alıwshılar salıq salıw maqsetlerinde tezletilgen amortizatsiyanı qollanıw mu’mkinshiligin aldı, bul elimizdin’ kishi biznesi ushın lizing mexanizmi arqalı tiykarg’ı qurallardı alıwda tag’ı bir xoshamet bolıp xızmet etedi. Usı qararg’a muwapıq,sonday-aq lizing operatsiyaların ta’rtiplestiretug’ın huqıqıy bazanı jetilistiriwge qaratılg’an ayırım normativlik aktlerge du’zetiwler kirgizildi. Atap aytqanda lizing ob’ektleri bolg’an avtomototransport qualların dizimge alıw, qayta dizimge alıw ha’m olardın’ esabın ju’rgiziw protsedurası jetilistirildi.

O’zbekistandag’ı lizing operatsiyaların ko’leminin’ ulıwma tendentsiyasın qarap shıqsaq, ishki lizingnin’ ha’r jıl sayın o’sip atırg’anın ko’riw mu’mkin. 2010 jılı ishki  lizing operatsiyaları boyınsha, boljag’anınday bank lizingi sektorında u’lken o’sim baqlandı. (60%). Bul turaqlı resurslıq bazag’a ha’m rawajlang’an qarıydarlar tarmag’ına iye bolg’an banklerdin’ lizing ushın berilgen salıq jen’illiklerinen tez paydalana alıwına baylanıslı boldı. Lizing kompaniyalarına salıq jen’illiklerinin’ beriliwi azıraq da’rejede  ta’sir etti, sebebi olardın’ ayırımları jeke salıq jen’illiklerine iye edi. 2014 jılı lizing kompaniyaları («Uzqishloqxwjalikmashlizing» kompaniyası Qaraqalpaqstan bo’limin esapqa almag’anda) o’zlerinin’ operatsiyaların 11,4 protsentke ko’beytti. (2014 jılı 45,5 protsent) «Uzqishloqxwjalikmashlizing» kompaniyası Qaraqalpaqstan bo’limi kompaniyası  Qarjı ministirligi janındag’ı awıldı awıl xojalıq texnikaları menen ta’miynlewdi ma’mleketlik xoshametlewdin’ arnawlı Qorının’ qarjılırı esabınan qarjılandıradı ha’m onın’ operatsiyalarının’ ko’lemi Qor ta’repinen ajıratılatug’ın qarjılarg’a baylanıslı boladı.

«Uzqishloqxwjalikmashlizing» kompaniyası Qaraqalpaqstan bo’limi kompaniyasının’ lizing bazarındag’ı u’lesi jetkilikli da’rejede joqarı bolıp qalıwına qaramastan, barg’an sayın a’ste aqırın pa’seymekte. Eger 20121 jılı 93 protsentti qurasa, 2013 jılı 84 protsentti, al 2014 jılı 64 protsenttti quradı.

Bul pa’seyiw banklerdin’ lizing operatsiyalarının’ ko’beyiwinen, sonday-aq elimizde jan’a lizing kompaniyalarının’ payda bolıwı esabınan ju’z berdi. Eger 2013 jılg’a deyin lizing operatsiyaların 13 lizing beriwshiler a’melge asırg’an bolsa, al 2014 jıldın’ aqırına kele olardın’ sanı 28 deyin jetti. Ha’zirgi waqıtta lizing operatsiyaların 15 bank,11 lizing kompaniyası ha’m 2 mikro-finans institutı a’melge asıradı.

Sonday-aq, bizin’ izertlewimiz lizing operatsiyaların, olar ushın lizing, Jumısının’ tiykarg’ı tu’ri bolıp tabılmaytug’ın bir qatar karxanalardın’da a’melge asıra baslag’anın ko’rsetedi.

Lizing kelisimlerinin’ portfeli 2013 jıldın’ 31 dekabrindegi 52 million AQSh dolları ekvivalentinen 2014 jıldın’ aqırına kele, tiykarınan «Uzqishloqxwjalikmashlizing» kompaniyası Qaraqalpaqstan respublikası filialı kompaniyasının’ operatsiyaları na’tiyjesinde 74,4 million AQSh dollarına deyin o’sti. Bankler kelisimlerinin’ portfeli bolsa derlik eki esege o’sti.

Lizing to’lemleri boyınsha mu’ddeti o’tkerilgen qarızlırdın’ da’rejesi joqarı emes. Uli’wma alg’anda, mu’ddeti o’tkerilgen qarızlardın’ u’lesi 2014 jıldın’ aqırına barlıq lizing beriwshilerdin’ ulıwma portfelinen 1,9 protsentti quraydı. (2013 jıldın’ aqırına 2,2 protsent). Sonday-aq, son’g’ı 2 jıl ishindelizing beriwshiler lizing predmetlerin talap etiw ha’m qarızdı jan’a lizing alıwshılarg’a o’tkeriw jag’dayların ku’ta’ siyrek qollandı.

Lizinge berilgen mu’lklerdin’ ulıwma ko’leminde awıl xojalıq texnikasının’ u’lesi basım keliw tendentsiyası saqlanıp qalmaqta. Ol qunlıq ko’rinisinde 2013 jılı 70,3 protsentti quradı. (2014 jılı-75,2 protsent). Usı ko’lemnen tiykarg’ı bo’legin «Uzqishloqxwjalikmashlizing» kompaniyası Qaraqalpaqstan respublikası filialının’ operatsiyaları quraydı. Biraq, ha’tte «Uzqishloqxwjalikmashlizing» kompaniyası Qaraqalpaqstan respublikası filialının’ operatsiyaların esapqa almag’anda lizinge berilgen awıl xojalıq texnikasının’ qunı lizinge berilgen mu’lktin’ ulıwma ko’leminin’ 17 protsetin quraydı. Bul boyınsha ol tek o’ndirislik u’skenelerdin’ ko’rsetkishinen az bolıp tabıladı.

Mu’ddetleri boyınsha O’zbekistanda, tiykarınan lizinglik kelisimler u’sh jılg’a deyin mu’ddette iske asırıladı. («Uzqishloqxu’jalikmashlizing» kompaniyasınan basqa, onın’ kelisimlerinin’ 80% jeti jıl mu’ddetke du’zilgen). Bunın’ tiykarg’ı sebebi ayırım lizing beriwshilerdin’ joqarı stavkaları da (qarıydarlar olarg’a artıqmash summalar to’lemew ushın olar menen tezirek esaplasıwdı maqul ko’redi), sonday-aq "uzın" aqsha bazarındag’ı jetispewshilikte bolıp tabıladı.

2014 jılı lizinge berilgen mu’lktin’ ortasha qunı 15 mın’ AQSh dolları ekvivalentin quradı,yag’nıy shama menen 2013 jıldın’ ko’rsetkishleri da’rejesinde boldı.Qala berse, bul summa lizing beriwshinin’ kim ekenine qarap aytarlıqtay ayırmag’a iye bolıwı mumkin. Eger Qaraqalpaqstan biznes-inkubatorı ha’m Qaraqalpaqstan isbilermen hayalları Assotsiası mikrolizing operatsiyaların a’melge asırsa, «Uzqishloqxwjalikmashlizing» kompaniyası Qaraqalpaqstan respublikası filialı kelisimlerinin’ ortasha qunı 12 mın’ AQSh dolları ekvivalentin quraydı. Al Bank-biznes, O’zbeklizing İnterneshnl ha’m Biznes Lizingler ortasha qunı 140 mın’ AQSh dollarınan aslam bolg’an operatsiyalardı a’melge asırdı.

Sonday-aq O’zbekistannın’ lizing beriwshileri a’melge asırg’an kelisimlerdin’ sanı da bir-birinen putkilley ayırılıp turadı.(barlıg’ı bolıp 2810 kelisim, sonnan Paytaxt-lizingde 1 operatsiya bolsa, al «Uzqishloqxu’jalikmashlizing» kompaniyası Qaraqalpaqstan respublikası filialında 2293 boldı).

O’zbekistan kommertsiyalıq bankleri lizing operatsiyaların tikkeley o’zleri a’melge asıradı. Sonlıqtan da O’zbekistanda banktin’ 100 protsent sın’ar kompaniyası bolg’an lizing kompaniyaları joq.

Lizing kompaniyaları o’zlerinin’ operatsiyaların tiykarınan o’z resursları ha’m sho’lkemlestiriwshilerdin’ kreditleri esabınan qarjılandıradı. (Tiykarınan Qarjı ministrligi janındag’ı awıldı awıl xojalıq texnikası menen ta’miyinlewdi ma’mleketlik xoshametlewdin’ arnawlı Qorının’ qarjıları esabınan qarjılandırılatug’ın «Uzqishloqxu’jalikmashlizing» kompaniyası Qaraqalpaqstan respublikası filialınan basqa) Bankler lizing operatsiyaların, olar ta’repinen komertsiyalıq kreditler boyınsha qollanılatug’ın protsentlik stavkalarday stavkalar

boyınsha a’melge asıradı. Lizing kompaniyalarının’ protsentlik stavkaları banklerdin’ stavkalarınan onsha ko’p ayırılıp turmaydı. AQSh dollarında kelisimler boyınsha protsentlik  stavkalar (lizing predmeti import etiledi ha’m onın’ qunı AQSh dollarında denominatsiyalanadı, al lizing ta’limleri milliy valyutada ta’lim kunindegi  Oraylıq banktin’ kursı boyınsha a’melge asırıladı.), ortasha jılına 12-15 protsentti quraydı. Milliy valyutadag’ı kelisimler boyınsha protsentlik  stavkalar 20-60 protsentti quraydı, al Oraylıq banktin’ qayta qarjılandırıw stavkalarının’ pa’seyiwi menen pa’seydi.

O’zbekistannın’ lizing beriwshileri, lizing alıwshılardın’ jumısının’ tu’rine ayrıqsha talaplar qoymaydı. Biraq ko’pshilik bankler jeke isbilermenlerge mu’lkti lizinge bermeydi. Lizinge beriletug’ın tiykarg’ı qurallardın’ tu’rleri boyınsha lizing kompaniyalarında g’ana sheklewler boladı.olardın’ u’skenelerdin’ ayırım tu’rlerinin’ lizinginde qa’nigelesiwi,olardı du’ziw boyınsha Hu’kimettin’ tiyisli qararları menen belgilengen.

2014 jılı Tashkent qalasında, Tashkent ha’m Samarqand wa’layatlarında en’ ko’p mug’darda ja’ne kapitaldı ko’p talap etetug’ın joybarlar iske asırıldı.(ortasha ekvivalenti  40 mın’ AQSh dolları). Biraq olardın’ ortasha qunı 2009 jıl menen salıstırg’anda eki esege pa’seydi.

Lizing beriwshiler o’z operatsiyaların tiykarınan, o’zlerinin’ ofislerine iye bolg’an regionlarda filiallıq tarmaqlarına iye bolmag’an bankler o’z operatsiyaların tek paytaxtta a’melge asıradı.Qaraqalpaqstan Respublikasında lizing operatsiyalarının’ aytarlıqtay mug’darı (75%) Qaraqalpaqstan isbilermen hayalları assotsiatsiyasına ha’m Qaraqalpaqstan Respublikalıq biznes inkubatorına tuwra keledi, biraq olardın’ aqsha ko’rinisindegi u’lesi 24% quraydı.

Kompaniyalardın’ elimizdin’ regionları boyınsha lizing operatsiyaların bo’listiriwi haqqında aytqanda,tek «Uzqishloqxwjalikmashlizing» kompaniyasının’ tolıq ko’lemde, filiallardın’  regionallıq tarmag’ına ( ha’r bir wa’layat orayında ha’m Qaraqalpaqstan Respublikasında) iye ekenligin ko’rsetiw kerek. "Baraka"

kompaniyası Qaraqalpaqstan Respublikasında, Ferg’ana ha’m Jizzax wa’layatlarında o’zinin’ wa’killerine iye.

O’zbekistanda lizing sektorın ken’eytiwge tosqınlıq etetug’ın ko’plegen mashqalalar son’g’ı u’sh jıl ishinde sheshilgen bolsa da, elege deyin onın’ rawajlanıwına irkinish bolatug’ın bir qatar faktorlar orın almaqta. Olardın’ arasında en’ tiykarg’ısı ha’m elimizdin’ putkil finans sektorına ta’n bolg’an-ko’pshilik lizing beriwshilerdin’ bazar sharayatlarında jumıs islewge u’yrenbegeni ha’m ko’nlikpegeni,usının’ aqıbetinde, o’zlerinin’ xızmetlerine tutınıwshılardı tartıw u’stinde belsendi jumıs alıp barmawı bolıp tabıladı. Banklerdin’ lizing operatsiyalarının’ ko’leminin’ joqarı pa’tler menen o’siwine qaramastan,banklerdin’ ulıwma kreditlik portfelinde lizinginin’ u’lesi ele az bolıp qalmaqta.

Joqarıda ko’rsetilgen sebepten basqa, bul sonday-aq ko’pshilik jag’daylarda bank xızmetkerlerinin’ o’z qarıydarlarının’ joybarların lizing emes, al da’sturiy kreditlew arqalı qarjılandırıwdı maqul ko’retug’ınına baylanıslı bolmaqta. Bul ayırım jag’daylarda lizing operatsiyaların a’melge asırıw ta’jriybesinin’ jetispewine ha’m banklerde qa’liplesken uzaq mu’ddetli joybarlardı, sonın’ ishinde lizing joybarların qarap shıg’ıw ja’ne maqullaw protsedurasın quramalı ekenligine baylanıslı boladı. Tag’ı bir mashqala-elimizdin’ lizing sektorında uzaq mu’ddetli finanslıq resurslardın’ jetispewshiligi bolıp tabıladı. Ha’rekttegi lizing kompaniyaların kapitalizatsiyalaw salıstırmali’ u’lken ko’lemde emes, al komertsiyalıq bankler bolsa resurslardı qısqa mu’ddetli qoyıwg’a artıqmashlıq beredi, al lizing bug’an kirmeydi. Bankler uzaq mu’ddetli joybarlardı qarjılandırıw ushın o’zinin’ resursların abaylap paydalanadı. O’zbekistannın’ nızamshılıg’ına muwapıq, lizing beriwshi,lizing alıwshı ta’repinen qaytarılg’an lizing predmetin qaytalap lizinge bere almaydı. Ayırım lizing beriwshilerdin’ pikiri boyınsha bul da lizingdi ken’ qollanıwg’a irkinish bolatug’ın faktorlardın’ biri bolıp tabıladı.

O’zbekistanda lizing operatsiyaları o’zinin’ bunnan bılay rawajlanıwı ushın u’lken potentsiyalg’a iye. Birinshi gezekte awıl xojalıq texnikasına ha’m

awıl xojalıq o’nimlerin qayta islew boyınsha u’skenelerge talaptın’ ku’shli ekenligi baqlanbaqta. Sonday-aq jen’il ha’m azıq-awqat sanaatı ushın u’skenelerge bolg’an talapta aytarlıqtay joqarı bolıp qalmaqta. Sawda-satıq u’skeneleri lizingi ele az o’zlestirilgenlikten, ku’ta’ perspektivalı bolıp tabıladı.

## 2.3 Diversifikatsiyalaw protsessleri sharayati’nda fermer xojali’qlari’nda lizing xi’zmetleri ha’m servisinen na’tiyjeli paydalani’wdi’n’ perspektivalari’

G’a’rezsizlik ji’llari’nda O’zbekistanda ekonomikani’n’ real sektori’ bolg’an awi’l xojali’g’i’n qollap kuwatlawg’a bag’darlang’an ekonomikali’q reformalar lizing a’meliyati’n ja’nede rawajlani’wi’ ushi’n ja’nede rawajlani’wi’ ushi’nda ken’ imkaniyatlar jaratti’. Ha’zirde respublikami’zda 86 lizing beriwshi sub’ektler, soni’n’ ishinde, 21 kommertsiyali’q bank, 50 qa’nigelestirilgen kompaniyalar ha’mde 15 banklik emes sho’lkemleri ta’repinen lizing xi’zmetleri a’melge asi’ri’lmaqta[3].

O’zbekistan Respublikasi’nda ja’mi lizing xi’zmetleri ko’lemi 2010-2014 ji’llarda turaqli’ asi’p barmaqta ha’m 4,4 esege ko’beydi. Qaraqalpaqstan Respublikasi’nda bolsa lizing xi’zmetleri ko’leminin’ wo’siw tendentsiyasi’na iye boli’w menen birge, 2014 ji’lda 2013 ji’lg’a sali’sti’rg’anda sa’lkem 1 mlrd. swmg’a kemeygen. Usi’ jag’day birinshiden, respublika fermer xojali’qlari’na uzaq da’wir dawami’nda ko’p mug’darda awi’l xojali’q texnikalari’ni’n’ lizing tiykari’nda jetkizilip beriliw ha’m ekinshiden, awi’l xojali’g’i’nda egin maydanlari’ni’n’ woptimallasti’ri’li’wi’ ha’mde bar bolg’an texnikalardi’n’ xojali’qlar wortasi’nda qayta bo’listiriliwi aqi’betinde lizing ali’wshi’lar sani’ni’n’ kemeyiwi si’yaqli’ faktorlar menen baylani’sli’.

O’zbekistan ekonomikasi’nda tiykarg’i’ kapitalg’a kiritilgen investitsiyalarda lizing xi’zmetlerinin’ u’lesi 2014 ji’lda 3,19 %ti qurag’an bolsa, Qaraqalpaqstan Respublikasi’nda usi’ ko’rsetkish 4,09 %ke jetken. Usi’ menen birge respublika

---

[3] Wzbekiston Respublikasi Lizing beruvchilar uyushmasi hisobot ma’lumotlari.

JİO'de lizing xi'zmelerinin' u'lesi 0,84 %ti qurag'an halda, Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda jalpi' territoriyali'q wo'nimde usi' ko'rsetkish sa'l kem, barli'g'i' boli'p 0,58 %ke ten'.

Respublika boyi'nsha ja'mi lizing beriwshiler sani' 2013 ji'l aqi'ri'na kelip 86 g'a jetken bolsa, Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda wolar sani' 6 g'a yamasa ja'mi lizing beriwshiler sani'na sali'sti'rg'anda 7 protsentti qurag'an.

2014 ji'lg'a kelip ja'mi lizing xi'zmetleri ko'leminde lizing kompaniyalari' ha'm banklar u'leslerin an'lati'wshi' respublika ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi' ko'rsetkishleri derlik ten'lesken. Ma'mleket ta'repinen bankler arqali' fermer xojali'qlari'n qollap-quwatlawg'a u'lken ko'lemde jen'illikke iye finansli'q resurslardi'n' ekonomikag'a engiziliwi, bankler ta'repinen ja'mi lizing xi'zmetleri bazari'ni'n' u'shten bir bo'legin iyelewine ali'p keldi.

Bizin' pikirimizshe, jaqi'n 3-5 ji'l ishinde ma'mleketmizdin' ekonomikani' modenizatsiyalaw da'stu'rinen kelip shi'qqan halda xi'zmet ko'rsetiw ha'm servis salasi'ni'n' tu'rli tarmaqlari'nda paydalani'w ushi'n lizingke berilip ati'rg'an mal-mu'liklerdin' ja'nede diversifikatsiyalani'wi' uli'wma halda milliy ekonomikani'n' rawajlani'wi'na unamli' ta'sir ko'rsetedi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda lizing xi'zmetleri bazari'nda servisti rawajlandi'ri'w za'ru'rligi to'mendegiler menen tiykarlanadi':

- lizingke berilgen mal-mu'lk qurami'nda zamango'y u'skenlerdin' kemligi;

bir birlik awi'l xojali'q texnikasi'n jetkizip beriw menen baylani'sli' transport sari'p-qarajetlerinin' joqari'li'g'i' (780-980 mi'n' swm);

- fermer isbilermenlerdin' texnika ha'm u'skenelerin saqlaw ha'mde paydalani'w normalari'n bilmesligi ha'm woni'n' ta'rtibin saqlamasli'g'i' sebepli, ko'pshilik jag'daylarda lizingke berilgen awi'l xojali'q texnikalari'ni'n' mu'ddetinen buri'n qayta islewdi talap etiwshi jag'dayg'a keliwi, wolar ta'repinen texnikalardi' wo'z bilgeninshe qayta isleniwi;

**Keste-9**

**2010-2014 ji'llarda O'zbekistan Respublikasi' ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi' lizing xi'zmetleri bazari'ni'n' tiykarg'i' ko'rsetkishleri dinamikasi'**

| **Ko'rsetkishler** | **Ji'llar** | | | | | **2010 ji'l 2014 ji'lg'a sali'sti'rg'anda, ese** |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | **2010** | **2011** | **2012** | **2013** | **2014** | |
| **O'zbekistan Respublikasi':** Lizingke berilgen mal-mu'lik quni', mlrd. swm | 90,6 | 131,1 | 214,5 | 351,7 | 401,7 | **4,4** |
| **Qaraqalpaqstan Respublikasi', mlrd. swm** | 1,2 | 3,3 | 8,0 | 9,9 | 9,0 | **7,4** |
| **O'zbekistan Respublikasi':** Tiykarg'i' kapitalg'a investitsiyalarda lizingtin' u'lesi % | 3,72 | 4,22 | 3,91 | 4,15 | 3,19 | **0,9** |
| **Qaraqalpaqstan Respublikasi', %** | 2,08 | 3,19 | 5,95 | 5,69 | 4,09 | **2,0** |
| **O'zbekistan Respublikasi':** JİO' (JRM)ta lizingtin' u'lesi, % | 0,60 | 0,63 | 0,76 | 0,95 | 0,84 | **1,4** |
| **Qaraqalpaqstan Respublikasi', %** | 0,21 | 0,45 | 0,80 | 0,80 | 0,58 | **2,8** |
| **O'zbekistan Respublikasi':** Lizing beriwshiler sani', dana | 28 | 33 | 49 | 64 | 86 | **3,1** |
| **Qaraqalpaqstan Respublikasi', dana** | 2 | 4 | 5 | 5 | 6 | **3,0** |
| **O'zbekistan Respublikasi':** Ja'mi lizing woperatsiyalari'nda lizing kompaniyalarni'ni'n' u'lesi, % | 72,7 | 53,3 | 50,1 | 63,2 | 66,7 | **0,9** |
| **Qaraqalpaqstan Respublikasi', %** | 98,3 | 72,3 | 71,2 | 74,9 | 64,6 | **0,7** |
| **O'zbekistan Respublikasi':** Ja'mi lizing woperatsiyalari'nda banklardi'n' u'lesi, % | 23,6 | 43,1 | 47,3 | 35,2 | 33,0 | **1,4** |
| **Qaraqalpaqstan Respublikasi', %** | 1,7 | 27,7 | 28,8 | 25,1 | 35,4 | **20,8** |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **O’zbekistan Respublikasi’:**<br>Ja’mi lizing woperatsiyalari’nda basqa sho’lkemlerdin’ u’lesi, %<br>**Qaraqalpaqstan Respublikasi’, %** | 3,7<br>0,0 | 3,6<br>0,0 | 2,6<br>0,0 | 1,6<br>0,0 | 0,3<br>0,0 | **0,1**<br>- |

- texnikali’q qayta islew woraylari’ni’n’ kemligi, qa’nigelerdin’ jetipewshiligi ha’mde awi’si’q bo’leklerdin’ wo’z waqti’nda jetkizip berilmewi (1,5-2 ay) aqi’betinde texnikalardi’n’ uzaq mu’ddet isletilmey turi’p qali’wi’ ha’m na’tiyjede tiykarg’i’ qurallardi’n’ ekonomikali’q na’tiyjeliginin’ pa’seyiwi.

2014 ji’llarda Qaraqalpaqstan Respublikasi’ lizing xi’zmetleri bazari’nda a’melge asi’ri’lg’an lizing woperatsiyalari’ni’n’ kredit ta’miynati’ qurami’ni’n’ analizi a’melge asi’ri’ldi’. Bul boyi’nsha, lizing woperatsiyalari’ni’n’ kredit ta’miynati’ qurami’nda en’ ko’p u’les jen’il avtomobiller (50,9 %), binalar (13,3 %), traktor ha’m kombaynlar ha’mde ju’k mashinalari’na (9,4 %ten) tuwra kelse, kepillik xatlari’ (7,5 %), islep shi’g’ari’w qurallari’(5,7 %) ha’m isenim tiykari’nda lizingke mal-mu’lkler beriwdin’ u’lesi (3,8 %) ke kem.

Keleshekte Qaraqalpaqstan Respublikasi’ lizing xi’zmetleri bazari’n rawajlandi’ri’wda regionda territoriyalar wortasi’ndag’i’ wo’zgesheliklerdi esapqa ali’w lazi’m, aymaqlarda islep shi’g’ari’w ha’m sotsialli’q infrastrukturani’ rawajlandi’ri’w, wori’nlarda isbilermenlik wortali’g’i’ ha’m ko’nlikpesin qa’liplestiriw, lizing ali’wshi’lardi’n’ to’lew qa’biletin asi’ri’w, jerlerdin’ meliorativ jag’dayi’n jaqsi’law, za’ru’r u’skene ha’m texnologiyalar jetkizip beriwshi ha’mde texnikali’q xi’zmet ko’rsetiwshi woraylardi’ sho’lkemlestiriw, lizingke beriletug’i’n mal-mu’lik qurami’n diversifikatsiyalaw si’yaqli’ ilajlardi’ a’melge asi’ri’w aymaqlar wortasi’ndag’i’ ayi’rmashi’li’qlardi’ qi’sqartti’rw ha’m respublikada lizing bazari’n rawajlandi’ri’wdi’n’ jan’a basqi’shqa kiriw imkaniyati’n beredi.

Respublikada 2012-2014 ji’llarda kommertsiyali’q bankler ta’repinen kishi biznes ha’m fermer xojali’qlari’ sub’ektlerine ko’rsetken lizing xi’zmetleri ko’lemi

analizlendi. Bunda AAKB “Mikrokreditbank”ti’n’ u’lesi 41,6 %ten 85,3 %ke asqan bolsa, kerisinshe MAK “Asakabank”ni’n’ u’lesi 37,8 %ten 11,0 %ke, RAKB “Agroqurilishbank”ni’n’ u’lesi 11,5 %ten 1,1 %ke ha’m MAKB “Xalqbank”ti’n’ u’lesi 9,0 %ten 2,6 %ke kemeygen. Lizing xi’zmetleri bazari’nda AAKB “Mikrokreditbank” u’lesinin’ arti’wi’ ma’mleket ta’repinen wori’nlarda fermer xojali’qlari’n rawajlandi’ri’wg’a mikrofinansli’q resurslardi’n’ ken’eywi menen baylani’sli’.

Keyingi ji’llarda Qaraqalpaqstan Respublikasi’ lizing bazari’nda lizingke berilgen mal-mu’lk tu’rleri diversifikatsiyalasi’p, wolardi’n’ wo’z ara qatnaslari’ wo’zgerip barmaqta. Uli’wma lizingke berilgen mal-mu’lklerdin’ 71 %in awi’l xojali’g’i’ texnikalari’, 5 %in ko’shpes mu’lk, 4 %in jen’il ha’m azi’q awqat sanaati’ texnologiyalari’, 3 %in poligrafiya, komp’yuter ha’m informatsion kommunikatsiya texnologiyalari’ (İKT), 3 %in ju’k ha’mde 5 %in jolawshi’ transportlari’, 3 %i quri’li’s ha’m quri’li’s materiallari’n islep shi’g’ari’w texnologiyalari’, 4 %in basqa islep shi’g’ari’w texnologiyalari’, 1 %in meditsina u’skeneleri qurag’an.



**Si'zi'lma- 3. "O'zqishloqxu'jalikmashlizing" ALK Qaraqalpaqstan Respublikasi' filiali' xi'zmetinde servis xi'zmetlerin rawajlandi'ri'wdi'n' tiykarg'i' bag'darlari'**

İzertlewler protsessinde lizing xi'zmetlerin ko'rsetiwde si'rt el lizing kompaniyalari' ta'repinen klientlerge usi'ni'lg'an qosi'msha servis xi'zmetlerin "O'zqishloqxo'jalikmashlizing" ALK Qaraqalpaqstan Respublikasi' filiali'nda qollaw boyi'nsha a'meliy usi'ni'slar islep shi'g'i'lg'an(3-si'zi'lma)

**Keste-10**

**Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda fermer xojali'qlari'n zamanago'y texnika menen ta'miyinlewde lizing xi'zmetleri ha'm servisi bazari'n rawajlandi'ri'wdi'n' SWOT-analizi**

| KU'SHLI TA'REPLER | A'ZZI TA'REPLER |
|---|---|
| • qolayli' normativ-huqi'qi'y sharayatti'n' jarati'lg'anli'g'i'<br>• sali'q ham baji'xana jenilliklerinin' bar boli'wi'<br>• lizing wob'ektinin' lizing ali'wshi'g'a wo'z waqti'nda jetip bari'wi'<br>• lizing predmetlarinin' diversifikatsiyalasi'wi'<br>• bazarda jan'a ha'm ku'shli lizing beriwshilerdin' payda boli'wi' | • lizing bazari'nda awi'l xojali'q texnikalar segmentinin' hu'kimranli'g'i'<br>• fermer xojali'qlari' ushi'n lizing xi'zmetleri ha'm servisinin' a'zziligi<br>• lizing kompaniyalari' sani'ni'n' kemligi<br>• kommertsiyali'q banklerde fermer xojali'qlari' ushi'n kredit woperatsiyalari'na a'zziligi<br>• fermer xojali'qlari'ni'n' ishinde to'lewge qa'biletlilerinin' kemligi<br>• lizing beriwshilerde finansli'q resurslardi'n' sheklengenligi<br>• lizing haqqi'anda jeterli informatsiyag'a iye bolmaw |
| **IMKANIYATLAR** | **QA'WIPLER** |
| • hu'kimet ta'repinen fermer xojali'qlari' ushi'n lizing bazari'nda u'stinlik beriliwi<br>• respublika LXSBda lizing beriwshiler sani' ha'm finansli'q resurslardi'n' ko'beyiwi<br>• to'lewge qa'biletli lizing ali'wshi'lardi' ko'birek tarti'w<br>• LXS bazari' ko'pshilik segmentlerinin' wo'zlestirilmegenligi<br>• Fizikali'q ta'replerge mikrolizing xi'zmetlerin ko'rsetiwdi sho'lkemlestiriw | • bahalar ha'm protsent stavkalari'ni'n' asi'wi'<br>• sali'qlardi'n' wo'siwi ha'm bazar kon'yunkturasi'ni'n' wo'zgerisi<br>• basqa aymaqlardag'i' yamasa si'rtqi' ba'sekilesler bazar abi'rayi'ni'n' wo'siwi<br>• valyutali' lizing xi'zmetleri ushi'n valyuta kursi'ni'n' turaqsi'zli'g'i'<br>• ni'zamshi'li'qtag'i' wo'zgerisler<br>• lizing wob'ektinin' moralli'q eskiriwi |

Lizing xi’zmetinde servisti rawajlandi’ri’w boyi’nsha berilgen usi’ a’meliy usi’ni’slar basqa aymaqlardag’i’ lizing kompaniyalari’ ta’repinende qollani’wli’ mu’mkin boli’p, kompaniyalar xi’zmetinde klientke servis xi’zmetlerin rawajlandi’ri’w arqali’ wolardi’n’ lizing to’lemleri ko’rnisindegi da’ramatlari’ turaqli’ arti’p bari’wi’na ha’m tiykarg’i’ qurallar paydali’ xi’zmet etiw mu’ddetlerinin’ arti’wi’na unamli’ ta’sir ko’rsetedi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi’ lizing bazari’nda 2009-2013 ji’llarda lizingke berilgen mal-mu’lik qurami’nda awi’l xojali’q texnikalari’ni’n’ u’lesi salmaqli’ boli’p, egin maydanlari’ni’n’ woptimallasti’ri’li’wi’ sebepli usi’ segmentte lizingke ali’wshi’lar sani’ni’n’ kemeygenligi ha’m de wolar wortasi’nda aldi’n’g’i’ bar texnikalardi’n’ qayta bo’listirilgenligi, yag’ni’y bazardi’n’ usi’ lizing predmetlerine bolg’an talabi’ni’n’ bir bo’legin bolsada qanaatlandi’rg’anli’g’i’ jaqi’n ji’llarda wo’z ta’sirin ko’rsetiwi mu’mkin.

Pitkeriw qa’nigelik jumi’si’nda Qaraqalpaqstan Respublikasi’nda fermer xojali’qlari’n zamango’y texnikalar menen ta’miyinlewde lizing xi’zmetleri ha’m servisi bazari’ni’n’ bu’gingi ku’ndegi u’stinlik ham a’zzi ta’repleri, imkaniyatlari’ ha’mde qa’wiplerdin’ SWOT-analizi a’melge asi’ri’lg’an( keste 8).

Bizin’ pikirimizshe, SWOT-analiz na’tiyjelerinen aymaqtag’i’ lizing kompaniyalari’ ha’m banklar ta’repinen na’tiyjeli paydalani’wi’, aymaqtag’i’ lizing bazari’ni’n’ a’zzi ta’repleri ha’m qa’wiplerin saplasti’ri’w, ku’shli ha’mde imkaniyatlari’n toli’q iske sali’w boyi’nsha na’tiyjeli qararlar qabi’l etiw imkaniyati’n beredi.

## JUWMAQLAW

Ma'mlekette fermer xojali'qlari' awi'l xojali'g'i' wo'nimlerinin' tiykarg'i' islep shi'g'ari'wshi'si'na ha'mde agrar salani' ha'm woni'n' menen baylansi'li' bolg'an basqa' tarmaqlardi' da islep shi'g'ari'wdi' ja'nede rawajlandi'ri'w, sonday aq, xali'qti'n' turmi's da'rejesi ha'm sapasi'n asi'ri'w ushi'n wo'z juwapkershilikti wo'z moyni'na ali'wg'a i'layi'q bolg'an qu'dretli sotsial-siyasiy ku'shke aylani'p barmaqta.

Fermer xojali'qlari'ni'n' jer, suw ha'm materialli'q-texnika resurslari'nan na'tiyjeli paydalani'w esabi'nan islep shi'g'ari'wdi'n' ko'lemin turaqli' artti'ri'p bari'wdi', fermer xojali'qlari'ni'n' na'tiyjeligi ha'm rentabelliginin' wo'siwi imkaniyati'n beretug'i'n materialli'q -texnikali'q bazasi'n bekkemlew, wolardi'n' jer maydanlari'n woptimallasti'ri'w bari'si'ndag'i' kompleks ilajlar a'melge asi'ri'ldi'. Awi'lda fermer xojali'qlari'na barli'q za'ru'r xi'zmetlerdi ko'rsetip ati'rg'an zamanago'y islep shi'g'ari'w ha'm bazar infrastrukturasi' qa'liplespekte.

Elimizde fermer xojali'qlari'ni'n' islep shi'g'a'ri'w na'tiyjeligin artti'ri'w ha'm wolardi'n' materialli'q texnikali'q bazasi'n bekkemlew, wolardi' zamanago'y texnikalari' ta'miyinlew ha'm lizing xi'zmetlerinen paydalani'wdi' jetilistiriw, maqsetinde pitkeriw qa'nigelik jumi'si' boyi'nsha to'mendegidey a'meliy usi'ni'slardi' beremiz:

- lizing haqqi'ndag'i' ni'zamli'q-normativ hu'jjetlerde shet ellik investorlar ushi'n kepillikler ha'm jen'illiklerdi elede ken'eyttiriw;
- fermer xojali'qlari'ni'n' qa'lewlerine qarap lizing to'lemlerinin' tu'rli formalari'n qollani'w;
- fermer xojali'qlari'ni'n' texnikalari' menen ta'miynlew haqqi'ndag'i' arzalari'n ko'rip shi'g'i'w ha'm u'skenelerdi jetkizip beriw mu'ddetlerin ja'nede qi'sqari'tti'ri'w ha'mde lizing beriwshilerge agent bankin g'arezsiz tan'lawg'a imkaniyatlar jarati'w;

- To’rtku’l, Shomanay, Kegeyli rayonlari’nda awi’l xojali’g’i’ texnikalari’na texnikali’q xi’zmet ko’rsetiwshi texnikali’q qayta qurallandi’ri’w ha’m diagnostika woraylari’n sho’lkemlestiriw ha’mde awi’si’q bo’leklerdi jetkizip beriwdi jolg’a qoyi’w;

- Respublikada fermer xojali’qlari’ sub’ektleri ta’repinen texnika ha’m texnologiyalarg’a bolg’an talaplari’ lizing kompaniyalari’ ha’mde kommertsiyali’q banklar sherikliginde marketing islew ha’mde lizing kompaniyalari’ portfelleri ja’rdeminde u’skenelerdi ha’m lizing esabi’nan diversifikatsiyalaw;

- wori’nlarda, a’sirese, awi’llarda islep shi’g’ari’w, sotsialli’q infrastuktura, soni’n’ ishinde servis ko’rsetiw infrastrukturasi’n ja’nede rawajlandi’ri’w maqsetinde belgili jen’illikler beriw esesine banklardi’n’ kredit portfelinde lizing woperatsiyalari’ni’n’ u’lesin ko’beyttriw;

- Qaraqalpaqstanda awi’l xojali’qlari’ wo’nimlerin qayta islewshi sanaat u’skeneleri menen islewshi kishi biznes ha’m jeke isbilermenlik sub’ektlerine jen’illetilgen formada lizing xi’zmetleri ha’m servisin ken’eyttiriw;

- ASK ka’rxanalari’nda lizing to’lew esap-kitaplari’ buyi’rtpashi’ ta’repinen tan’law huqi’qi’n beriw za’ru’r ha’m lizing to’lem mug’dari’n wori’nlang’an jumi’s ha’m xi’zmetlerden ali’ng’an payda esabi’na to’lewdi belgilew maqsetke muwapi’q:

- lizing beriwshi ta’repten lizing wob’ekti u’stinen bag’darlang’an maqsette paydalani’wdi’ qatan’ itibarg’a ali’w na’tiyjesinde lizing ali’wshi’ lizing wob’ektinen alg’an paydasi’ esabi’nan lizing to’lemin wo’z waqti’nda to’lew;

- birinshi lizing sha’rtnamasi’ menen ali’ng’an lizing wob’ekti ushi’n paxtashi’li’q ha’m g’a’lleshilik xojali’qlari’nan u’steme qun payi’zi’n lizing mu’ddetinin’ yari’mi’na shekem qi’sqarti’w ha’m keminde sali’q ha’m to’lew engiziw;

- lizingti kredit kelisimi menen sali’sti’ri’wda a’hmiyetli jag’daylardi’ itibarg’a ali’w kerek.

Bul usi’ni’slardi’ ko’rip shi’qqanda elimizde tiykarg’i’ aymaqli’q wo’zgesheliklerinin’ bar ekenligi ha’m wolardi’n’ rawajlani’w da’rejesinin’ ha’r qi’yli’li’g’i’ uli’wma ekonomikali’q wo’siwge tu’rlishe ta’sir ko’rsetip ati’rg’anli’g’i’ ha’mde aymaqlar arali’q wo’z-ara qatnasi’qlardi’n’ joqari’ da’rejede rawajlanbag’anli’g’i’ si’yaqli’ faktorlardi’ esapqa ali’w za’ru’r.

Pikirimizshe, joqari’da keltirilgen ilajlardi’ a’melge asi’ri’w aymag’i’mi’zda fermer xojali’qlari’ni’n’ lizing xi’zmetleri ha’m servisinin’ ja’nede rawajlani’wi’na ha’m usi’ arqali’ ekonomikani’n’ joqari’ da’rejede modernizatsiyalasi’wi’na ali’p keledi dep woylaymi’z.

## PAYDALANI’LG’AN A’DEBIYATLAR DIZIMI


1. O’zbekiston Respublikasining Konstitutsiyasi.-T.:O’zbekiston, 2010 y.

2. O’zbekiston Respublikasi Prezidentining Farmoni. İqtisodiyot real sektori korxonalarining moliyaviy barqarorligini yanada woshirish chora-tadbirlari twg’risida. 2009 yil 18 noyabr, PF-4053-son.

3. «O’zbekistanda fermerlik xi’zmetin sho’lkemlestiriwdi ja’nede jetilistiriw ha’m woni’ rawajlandi’ri’w ilajalari’ haqqi’nda» g’i’ 2012 ji’l 22 woktyabr’ PF 4478

4. O’zbekiston Respublikasi Prezidentining Farmoni. İqtisodiyotning real sektori korxonalarini qwllab-quvvatlash, ularni barqaror ishlashini ta’minlash va eksport salohiyatini woshirish chora-tadbirlari dasturi twg’risida. 2009 yil 28 noyabr’, PF-4058-son.

5. O’zbekiston Respublikasi Prezidentining Qarori. İshlab chiqarish va ijtimoiy infratuzilmani yanada rivojlantirish yuzasidan qwshimcha chora-tadbirlar twg’risida. 2010 yil 20 yanvar’, PQ-1041-son.

6. O’zbekiston Respublikasi Prezidentining Qarori. Oziq-ovqat mahsulotlari ishlab chiqarishni kengaytirish va ichki bozorni twldirish yuzasidan qwshimcha chora-tadbirlar twg’risida. 2010 yil 26 yanvar’, PQ-1047-son.

7. O’zbekiston Respublikasi Prezidentining Qarori. Mahalliy nooziq-ovqat iste’mol tovarlari ishlab chiqarish kengaytirilishini rag’batlantirish borasidagi qwshimcha chora-tadbirlar twg’risida. 2010 yil 28 yanvar’, PQ-1050-son.

8. O’zbekiston Respublikasi Davlat statistika qwmitasining tegishli yillar bwyicha statistik twplamlari.

9. «Lizing faoliyatini rivojlantirishni yanada takomillashtirish chora-tadbirlari twg’risida» O’zbekiston Respublikasi Prezidentining Farmoni, 2008 yil

10. O’zbekiston Respublikasi Vazirlar Mahkamasining 9.11.1995 yil 427 sonli ULK «Baraka lizing» kompaniyasi tashkil etish twg’risidagi qarori.

11. O’zbekiston Respublikasi Vazirlar Mahkamasining 5.01.1996 yil 6 sonli ULK «O’zbek lizing interneshnl AJ» qwshma lizing kompaniyasi tashkil etish twg’risidagi qarori.

12. O’zbekiston Respublikasi Vazirlar Mahkamasining 27.02.1997 yil 111 sonli O’zkeysagrolizingg» qwshma lizing kompaniyasi tashkil etish twg’risidagi qarori.

13. Qishloqni lizing shartlarida qishloq xwjaligi texnikasi bilan ta’minlash chora-tadbirlari twg’risida O’zbekiston Respublikasi Vazirlar Mahkamasining qarori. 2008 yil

14. Karimov İ.A. 2015-ji’lda ekonomikami’zda tu’pkilikli strukturali’q wo’zgerislerdi a’melge asi’ri’w, modernizatsiya ha’m diversifikatsiyalaw protsesslerin izbe-iz dawam ettiriwdin’ esabi’nan jeke mulk ha’m jeke isbilermenlikke ken’ jol ashi’p beriw-en’ a’hmiyetli wazi’ypami’z.”//”Erkin qaraqalpaqstan” gazetasi, №14, 2015 yil 20 yanvar.

15. Akramov A. «Lizingovi’e woperatsii real’ni’ i doljni’ bi’t populyarni’» Moskva 2006 g

16. Zayniddinov S., Dodobaev D. «Moliyaviy lizing». Tashkent 2009 y

17. G’ozibekov D.G’. «Lizing munosabatlari nazariyasi va amalieti» Tashkent 2010

18. Aksenov V. «Lizing ili kredit-chto vi’godnee?» Moskva 1999 g

19. Gazibekov D.,Sabirov wo.Sh. «Lizing i ego razvitie v Uzbekistane» Tashkent 2007 g

20. Goremi’kin V. «Lizingovi’y biznes» Moskva 2004 g

21. Gazman V.D. «Ri’nok lizingovi’x uslug» Moskva 2009 g

22. Malyavina A.V. idr. «Lizing i antikrizisnoe upravlenie» Moskva 2008 g

23. Tlewbergenov R.Sh., ha’m basqalar. «Agroekonomika ha’m agrobiznes tiykarlari’» No’kis, «Bilim», 1998. –72 b.

24. «Qarabas awi’l» fermer xojali’g’i’nda 2013-2014 ji’llardag’i’ ji’lli’q esabatlari’.

## Paydalani'lg'an internet saytlar

http/www.press-service.uz

http/www.gov.uz